ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№96 (23.754) ● 2018 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 7, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ЗэпыщІэныгъэхэр

Китайм и лІыкІуэр хэту Іуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ ди щІыналъэм аузкІи туризмэм зыщегъэужьыным пыщІа Іуэхущхэм

Иджыблагъэ Іуащхьэмахуэ лъапэ туризмэм зыщегъэужьыным теухуауэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ішхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Матовников А. А., КНР-м и лІыкІуэу УФ-м щыІэ Хуэй Ли, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщіым и къудэзэ Умаханов И. М.-С., КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. сымэ. Ахэр тепсэлъыхьащ ди республикэм туризмэм дяпэкІи зыщегъэужьыныкІэ хэкІыпІэхэм.

ЕТІУАНЭ махуэм Китайм и лІыкІуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм и лъэныкъэкІэ иІэ зэфІэкІхэм щыгъазэ яІащ, кІапсэ гъуэгумкІэ Горабаши станцым нэс драшеящ. А станцыр метр 3850-м лъагапІэм щыІэщ икІи Европэм щынэхъ лъагэ дыдэщ. Ар 2015 гъэм хьэзыр яІащ щытащ икІи абы лъандэрэ Іуащхьэмахуэ курортым зыщызыгъэпсэхуэжм илъэс хьурейм лыжэкІэ къажэхьуу хуежьащ. А станцым щегъэжьауэ хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ метр 4600-м нэскІэ ратракэмкІэ дэкІуеящ. ИужькІэ ахэр Чегет, Нартсанэ лъэгу щыпІэхэм яшащ. ЗэІущІэшхуэм хэтахэр зэщІыгъуу еплъащ «Іуащхьэмахуэ лъапэ» дунейпсо курорт къызэгъэпэщыныр» инвестицэ проектым.

Абы щытепсэлъыхьым Матовников А. А. къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризм-реакреацэ комплексми экономикэм и адрей Іэнатіэхэми зэрыщыІэдзалажьэм зегъэубгъуныкІэ хэкІыпІэ псори зэрыщыІэр икІи дяпэкІэ зэгурыІуэныгъэ пыухыкІахэр зращыІэнухэм ягурыІуэн зэрыхуейр. Матовников Александр къызэрилъытэмкІэ, туризмэм и Іэнатіэм зегъэужьыным сэбэпныгъэшхуэ иІэщ икІи ар нэгъэсауэ щІэтэкъуэн къэщІын хуейщ. Президентым и полномочнэ лІыкІуэм зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщІадзами, Китайм къикІахэр зэплъын куэд Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и адрей субъектхэми щыІэщ.

Китайм и лІыкІуэу Урысейм щыІэ Хуэй Ли къыхигъэщхьэхуКІащ лъэныкъуитІыр зэрызэдалажьэм зегъэубгъуныкІэ зыхуей псори ди республикэм зэрыщыІэр.

Китайм и лІыкІуэхэр къызэрыкІуам икъуКІ мыхьэнэщхуэ иІэу кІиІыбытащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и вице-спикер Умаханов Ильяс. Шэч лъэпкъ хэлъкъым лъэныкъуитІыр зытепсэлъыхьа Іэзхуэхэм ящыщ куэд гъэззэщІа зэрыхъунум, жиІащ абы.

МахуитІ лэжьыгъэм къарикІуахэм щытепсэлъыхьыжьым, КІуэкІуэ Юрий къыхилъхьащ адэкІэ зэрызэдэлэжьэну щІыкІэр зыубзыхуэ лэжьакІуэ гуп къызэрагъэпэлъэу щыгъуазэ зэрызащІам папщІэ.

Иужьрей махуэм КНР-м и лІыкІуэхэр щыІащ Урысей Ипщэм щынэхъ ин дыдэ бдзэжьей хозяйствэм, Тырныауз аргьеІэхэр щагъэхъуу щыІэ Іуэхущ1апІэм. Абы гектари 10 еубыд, илъэсым бдзэжьейуэ тонн 50, бжьэй хуГуу тонни 3,3-рэ къыщалэжь.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2018 гъэм, 2019, 2020 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м
№883-П-П

Ди лъэпкъэгъухэм я щІэблэр ди хьэщІэщ

Тырку, Иордание, Израиль къэралыгъэхэм, Мэздэгу щІыналъэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щІэблэхэр щызэхаша гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэм щыщхьэуІум и 7-м яхуеблэгъащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыцлэ Мухьэмэд.

ИПЪЭС зыбжанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Граждан жылагъуэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іузхуэхэмкіэ и управленэм (иджы министерствэм) къызэригъэпэщ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм я фІыгъэкІэ ныбжьыщІэ куэд адзжь щІыналъэм щыІэну Іэмал гъэщІэгъуэн ягъуэт. Мы гъэм хэкужьым кърагъэблагъэ цІыху 80-м программмэ щІэщыгъуэ хузэхагъэуващ. Абы и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэщ, хэкум и Іофдзагъыр, бзэм и дахагъэр, къуэпсым и кІарур зэхрагъэщІэныр.

ХьэфЫцІэ Мухьэмэд и лэжьыгъэрэ Іузхущ1афэкІэ фІыуэ зыцІыху адыгэ щІэблэр хуабжьу яфІэгъэщІэгъуэну зэІущІэм къекІуэлІат. Тхьэмадэр тепсэлъыхьащ хэхэсхэм ятеухуауэ езым ищІа къэхутэныгъэхэм, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъу цІэрыІуэхэм, хасэм зэфІигъэкІ Іузхуэхэм. Апхуэдэуи абы щІэблэр къыхуиджащ ди деж къыщыззрагъэпэщ зэпеуэхэм къыхьыхьэну, лъэпкъ Іузхум хуэжьджэрыну.

ЗэІущІэм псалъэмакъ щхьэпэ щекІуэкІащ, лъэпкъым зихъумэжьын щхьэкІэ щІапхъэхэм, нэхъапэ игъэщІпхъэ Іузхуэхэм, бзэр зэбгъэщІэным мыхьэнэшхуэ зэриІэм ятеухуауэ. Апхуэдэуи адыгэхэр зэрыубыдыжа хъунымкІэ ныбжьыщІэхэм зэкІыпІэу ялъаГъумкІэ акъыл зэхэдзэ ирагъэщІащ.

ХьэфЫцІэм щІэблэм щапхъэу яхуиГъэлъагъуащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ящыщу зи бзэмрэ хабзэмрэ къызыхуэтыншэу зезыхьэхэр. «Лъэпкъым и уасэр и бынщ» псалъэжьыр щІэми жыми ящымыгъупщэу, къызыжкІам зэрыхуэфэщэным хущІэкъуу, адэжьхэм я щІыхьыр зыгъэупльуин ямылажьу псэуну къыхуриджащ абы ныбжьыщІэхэр.

Тхыгъэри сурэтри **ЩОМАХУЭ Залинэ** *ейщ.*

● Хъыбар гуапэ

КІунэ и пщІэр нэхъри яІэт

«Аргументы и факты» газетым иджы дыдэ къытридзащ Урысейм щІыхь зиІэ и артистэ, КЪБР-м и цІыхубэ артистэ ЖьакІэмыхъу КІунэ теухуа тхыгъэрэ и сурэтрэ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ адыгэ цІыхубэ телъыджэм Волков Фёдор и цІэр зезыхьэ саугъэтыр къызэрыхуагъэфэщащ. Ар зытыр Урысейм и Правительствэрщ.

«СЭ РОСТОВ театр училищэр къэзуха иужькІэ 1964 гъэм къыщыщІэдзауэ Къэбэрдей къэрал драмтеатрым сыщолажьэ», - жриІащ абы журналистым.

Актрисэм къыхигъэщащ нэхъыбэу игъэзащІэр хьэл быдэ зиІэ цІыхухэм я ролхэр зэрыарар.

- Хуабжьу сфІэфІщ драматург ІутІыж Борис и пьесэхэм къытращІыкІа спектаклхэм сыщыджэгуну, - пещэ ЖьакІэмыхъум. - Абыхэм ящыщ шым пасэрей пащтыхь гуащэ ТырГъэтауэ и ролыр щызгъэзэщІащ. Ар анэ, щхьэгъусэ къудейкъым, атІэ икІи зауэлІ хахуащ. «Эдип», «Медея» спектаклхэм сыхэтащ. Иджыри ди театрым роль куэд щызогъэзащІэ.

ЖытІэнщи, КІунэ экраным и ваГуи хъУфынут. Щеджа зэманым ар Тихонов Вячеславрэ Лужинэ Ларисэрэ я гъусэу щыщджэгуауэ щытащ «На семи ветрах» фильмым. Азербайджан киностудием ирагъэблагъат, арщхьэкІэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу кІуакъым.

Езы ЖьакІэмыхъур щІегъуэжьыркъым кином къызэрыпыкІам.

- Сэ сыарэзыщ си театр гъащІэмкІэ, - жеІэ артисткэм. - Волковым и цІэр зезыхьэ саугъэтым и гугъу пщІымэ, сэ абы сыпэплъэхакъым. СщІэрт ди театрым и унафэщІхэм тхыльхэр УФ-м и Правительствэм зэрырагъэхьар, ауэ ар къыслъысыну си гугъакъым.

ЖьакІэмыхъу КІунэ икІи жылагъуэ политикэ лэжьакІуэщ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЖылагъуэІ палатэм хэтащ, КЪБР-м и Парламентым и депутатуи щытащ.

ШАЛ Мухьэмэд.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 7, гъубж

♦Урысейм зыхъуэмэжьныгъэмкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм связь хэхамрэ хъыбарегъащІэхэмкІэ и ІэнатІэм и махуэщ

♦1646 гъэм Къэзакъ атаман Пожарский Семёнрэ адыгэпщ Черкасский Мугцалрэ зауэлІ мини 6 зыхэт я дзэр Нурадин-Джэрий и лагерым теуэри, хьэбэсабэу зэтракъутащ.

♦1803 гъэм «Надежда», «Нева» къухьхэр, капитан-лейтенантэу Крузенштерн Иванрэ Лисянский Юрийрэ зи унафэщІхэр, дунейр къызэхакІыхьыну ежьащ. А зекІуэр илъэсищкІэ екІуэкІащ.

♦1833 гъэм Черепанов зэадзэкъуэхэу Ефимрэ Миронрэ Урысейм япэ дыдэу мафІэгу щащІащ, ГъущІ гъуэгууи километри 3,5-рэ щащхуащ.

♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкІэ щагъэуващ.

♦1987 гъэм Америкэм щыщ, псы есынымкІэ щІэрыІуэ хъуа Кокс Линн уи фІэщ мыхъун хахуагъэрэ тегушхуэныгъэрэ къыкъуэкІащ. Градусиц фІэкІа зи мыхуабагъ псым щеСурэ, США-м къыщыщІидзэри Урысейм къэсащ, а цІыхубз хахуэр. Кокс зэпиупщІащ метр 4160-рэ зи кІыхьагъ Берингов псыдзжьпІэр - Аляскэ штатым хьихь Диомид ЦІыкІу хьтІыгъум къыщежьэри, Урысейм и Диомидышхуэ хьтІыгъум нэсу хьм къызэпрысыкІыфащ.

♦Уэрэджьыакіуэ, СССР-м, Украинэм, Молдавием и цІыхубз артисткэ **Ротару Софие** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Футболист, тренер цІэрыІуэ, СССР-м щыІэ зиІэ и гъэсакІуэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Газзаев Валерий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ киноактёр цІэрыІуэ **Духовны Дэвид** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриТымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 8, бзаражьей

♦Альпинизмэм и дунейпсо махуэщ

♦Швецием и Къэрал ныпым и махуэщ

♦Китай Республикэм щагъэлъапІэ Адэхэм я махуэр

♦1899 гъэм США-м щыщ къэхутакІуэ Маршалл Альберт дунеим щыяпэу щІыІалъэ зэпкрилъхьащ, абы щІыхьэт техьуэ тхыльи хуатхащ.

♦1900 гъэм теннис спорт лІэужьыгъуэм и саугъэт нэхъ лъапІэ дыдэр - Дэвис и Кубокыр - яГъуэващ.

♦1924 гъэм Москва къалэ кІуэцІым япэ автобус линэр щащтыпщащ.

♦1927 гъэм Франджым хэІущІыІу щащІащ хьэм къыпкърыхьэ емынэ узым и хущхъуэгъуэр къызэрагъуэтар.

♦1941 гъэм Сталин Иосиф советыдзэхэм я командующэ нэхъыщхьэу яГъэуващ.

♦1941 гъэм Совет Союзым и «Ил-4» къухьлъатитху Берлин япэу щхьэщыхьэри, лагьымхэр иредзыхащ.

♦1942 гъэм ЗыхъумэжьныгъэмкІэ Налшык комитетым унафэ ищІащ республикэм и къалэщхьэм и къыдыхьэпІэхэм быдапІэхэр щахуэну.

♦1943 гъэм Дзэ Плъыжым и Іэщхэм къахэхъуащ КВ-95 танк хьэлъэр.

♦1949 гъэм Страсбург (Франджы) щызэхэтащ Европэм и Советым и япэ сессиер.

♦1955 гъэм СССР-м къыщащтащ илъэсым кьрибыдэу зы мазэ лэжьакІуэм зигъэпсэхуныкІэ ныбжьыщІэхэр лэжьэну хуит зэращІымрэ ятеухуа хабзэхэр.

♦1967 гъэм Бангкок (Таиланд) къыщызэрагъэпэщащ Ипщэ-Къуэкіыпіэ Азием хьихь къэралхэм я зэгухьэныгъэр (АСЕАН). Абы хьихьащ Индонезиер, Малайзиер, Сингапурыр, Таиландыр, Филиппинхэр, нэхъ ИужьыІуэкІэ Брунейр (1984 гъэм), Вьетнамыр (1995), Лаосымрэ Мьянмэрэ (1997), Камбоджэр (1999).

♦2008 гъэм XXIX гъэмахуэ Олимп джэгуэр Китайм и къалащхьэ Пекин къыщызэІуахащ. Аэр щыщхьэуІум и 8 - 24-хэм екІуэкІащ. Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ абы чемпион щыхъуауэ щытащ адыгэ щІалэ **Хъущт Аслъэнбэч**.

♦2008 гъэм Куржыр Осетие Ипщэм теуащ.

♦Урысей Федерацэм и мызакъуэу дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа нэ дохутыр Іэзэ **Фёдоров Святослав** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ киноактёр, режиссёр цІэрыІуэ, «Оскар»-р тІэунейрэ, нэгъуэщІ саугъэтхэри зрата **Хоффман Дастин** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр, Кином и Унэм и унафэщІ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, «Ника» саугъэтыр зыгъэува **Гусман Юлий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер **Марыщ Заур** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦ Кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и Плъхъужь **Савицкая Светланэ** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КЪБР-м и Парламентым и депутат **Къудали Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Швейцарием щыщ теннисист, дуней псом щынэхъ лъэщ дыдэхэм хабжъ **Федерер Роджер** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриТымкІэ, Налшык пшэр техьэ-техІыну щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬэКІэмыхЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дыгужьыы ишхари имышхари тохуэ.

ЦІыхухэр щогуфІыкІ

Куба къуажэм и Степная уэрамым лажьэу щаутІыпщащ псы зэрыкІуэ бжьамишщІэ. Абыкіэ жылэм щыпсэухэм ехъуэхъуащ район администрацэм псэуныгъэмрэ щынагъуэнщагъэмрэ ехьэлІа Іуэхущхэмкіэ и къуэдзэ Ует Анатолийрэ Кубам и унафэщІ Машэжь Залымрэ.

КИЛОМЕТР 1,45-рэ зи кІыхьагъ псыжапІэр зы тхьэмахуэ зэхуакум кьриубыдэу яукъуэдиящ. Абы пащІащ унагъуэ 62-рэ. Лэжьыгъэр зэкъуэту ирагъэкІуэкІащ районымрэ къуажэмрэ я администрацэхэм, уэрамым егъэщІылІа унагъуэхэм.

Ует Анатолий жиІащ уэрамыр дяпэкІи зэрырагъэфІэкІуэнур. Псалъэм и хьэтыркІэ, абы тет пкъохэм уэздыгъэ фІадзэну я мурадщ.

Псынщіэу Іуэхур зэрызэфІэкІамкІэ къуажэдзэхэм фІыщІэ хуащІащ щыналъэм и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Балъкъыз Артур.

Бахъсэн районым и щыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Адыгэ щІалэхэр Европэм щытокІуэ

Шыщхьэуіум и 4 - 5 махуэхэм Италием и къалащхьэ Рим щекІуэкІащ бэнэкІэ хуитымкІэ Европэм и щІалэгъуалэ чемпионат. Адыгэ щІалэхэм абы дыщэ медалхэр къыщащхьащ.

КИЛОГРАММ 74-м нэс зи хьэпІагъ Шокъум Ахьмэд щэч лъэпкъ къызытымыхьэн текІуэныгъэхэр и хьэрхуэрэгъу псоми къафІихьащ. Финалым ар щыІуащІащ Болгариемрэ щыщ Джемал Рушен Алий. ЗэпэщІэтыныгъэр гуащІэу щытащ, ауэ абыи адыгэ щІалэр щынэхъ лъэщащ икІи Европэм и чемпион хъуащ.

ФІы дыдэу зыкъигъэлъэгъуащ ЗэкІуий Азэмэтэр. Ар щыбэнащ килограмм 92-м нэс зи хьэгъэлъагъэм я деж. КІэух зэІущІэм къыщыпэщІэхуа Азербайджаныр къикІа Гамзатов Асхьэби ди щІалэр къызэтригъэувыІэфакъым икІи хуэфащэ дыдэу абы дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ.

Шокъум Ахьмэдрэ ЗэкІуий Азэмэтрэ Европэм и чемпионатым щытекІуэныр я япэ лъагапІэ инщ. Куэд щІакъым а тІум пашэныгъэ къызэрыщыхьэрэ Дагъыстэным хьихь Хасавюрт къалэм щекІуэкІа зи ныбжьыр илъэс 20-м нэмысахэм бэнэкІэ хуитымкІэ я урысейпсо зэхьэзэхуэм. Аращ Іэмал щІагъуэтари Италием екІуэну. Дохъуэхъу адэкІэ дунейпсо, олимпиадэ екъуІэпІэ гъэшхуэхэр яІэну!

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Шокъум Ахьмэдрэ *(къэрал ныпыр иІыгъуу)* **ЗэкІуий Азэмэтрэ.**

RAEX (РАЭКС - Аналитикэ) рейтинг агентствэм, хабзэ хъуауэ, илъэс къэс зэрелъыт ди къэралым щылажьэ университетхэм я лэжьакІэр. Мы гъэм ебланэу ирагъэкІуэкІа апхуэдэ къэхутэныгъэм кърикІуахэр наІуэ къыщащІащ «Глобальная конкурентноспособность» фІэщыгъэр зиІа VI дунейпсо зэхуэсым.

Аргуэру зы ехъулІэныгъэ

АГЕНТСТВЭМ ирагъэкІуэкІа епльыныгъэ-зэгъэпщэныгъэм мурад нэхъыщхьэу иІар еджапІэ нэхъыщхьэхэм и студентхэм ирагъэгъуэт щІэныгъэм и кууагъыр, еджанымрэ щІэныгъэ-хьэгъэзэныгъэм щыщІэныгъэ-зэгъэпщэныгъэм мурад нэхъыщхьэу иІар еджапІэ нэхъыщхьэхэм и студентхэм ирагъэгъуэт щІэныгъэм и кууагъыр, еджанымрэ щІэныгъэ-хьэгъэзэныгъэм щыщІэныгъэ-зэгъэпщэныгъэм мурад нэхъыщхьэу иІар еджапІэ нэхъыщхьэхэм и студентхэм, илъэс зэхуэмыдэхэм ахэр къэзыхуауэ лажьэ Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэр, ахэр зыІут Іузхущ1апІэхэм я унафэщІхэр. Апхуэдэу экспертхэр набдзэгубдзапльэу хэпльащ статистикэ дэфтэрхэм, псори зэгъуэсу унэтІыныгъэ 50-м щІигъу къызэщІиубыдэу. Еплъныгъэм нэхъыбэу къызэщІагъэубыдар Іэщ1агъэ куэдым щыхурагъаджэ, щІэныгъэ-хьэгъэзэныгъэ лэжьыгъэфІхэр щрагъэкІуэкІ классикэ университетхэращ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, рейтингым фІы и лъэныкъуэкІэ къыхэщащ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр. Зи гугъу тщІа унэтІыныгъэхэмкІэ ар ятекІуащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щынэхъ лъэрызехьэкІ университетэ Федеральнэ университетымрэ Ставрополь дэт къэрал мэкъумэш университетымрэ икІи рейтингым 98-нэ увыпІэр щиубыдащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ КъБКъУ-р яхэхуащ студентхэм щІэныгъэ куу щрагъэгъуэт еджапІэ нэхъыщхьэ нэхъыфІи 100-м.

RAEX агентствэм къэзэригъэпэща лэжьыгъэм къыкІуахэр наІуэ къыщащІ зэІущІэм ирагъэблагъащ КъБКъУ-м и лІыкІуэ гуп, университетым и ректор Альтуд Юрийрэ абы и президент Къарэмырзэ Барэсбийрэ я пашэу. Гупыр жыджэру хэтащ. «Глобальная конкурентноспособность» фІэщыгъэр зиІа VI дунейпсо зэхуэсым и лэжьыгъэмэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● КЪБКЪУ

Финанс академием и унафэщІ Есчындар Мухьэрбийрэ КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрийрэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр, щІыупсым и хъугъэфІыгъуэхэр зэтегъэувэжыныр икІи ахэр къэгъэсэбэныныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м ***Налшык къалэ*** ***№129-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр, щІыупсым и хъугъэфІыгъуэхэр зэтегъэувэжыныр икІи ахэр къэгъэсэбэныныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа унафэ №213-ПП-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

«ПсэупІэ кхъахэхэм щІэс цІыхухэр 2013 - 2017 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэІэпхъуэныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м ***Налшык къалэ*** ***№132-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

«ПсэупІэ кхъахэхэм щІэс цІыхухэр 20131-12017 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэІэпхъуэныр» республикэ программэ хэхам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа унафэ №137-ПП-мкІэ къищтам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм зыщегъэужьныр» къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м ***Налшык къалэ*** ***№135-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм зыщегъэужьныр» къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къыдигъэкІа унафэ №136-ПП-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м къищта унафэ №69-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-м ***Налшык къалэ*** ***№136-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ**:

«2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хъэкъкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ и рынокым щыІэ гугъуехьхэр гъэмэщІэным хуэгъэза Іуэхухэм трагъэкІуэдэну субсидиехэр зэрыхухах хабзэхэр хъэщтэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м къыдигъэкІа унафэ №69-ПП-м халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

● Дэ къытхуатх

Нэхъ тынш хъунут

Суворовымрэ Ашуровымрэ я уэрамхэр зэпыщІэжныныр нэхъ къезэгъыу къэзылъытэ къалэдэсхэмрэ щІыхур къезышэкІ транспортзехуэхэмрэ зэкъуоувэ.

ЗЭМАНКІЭ дызэІэбэкІыжмэ Искожымрэ Александровкэ хьэблэмрэ я зэхьэпІэм гъущІ гъэзэгу зэпрыкІыпІэ иІэу щытащ. Ар зэрыпуэхьжам гугъуехь къыдамыкІуауэ пхужыІэнукъым. Гъэзэгум зэпрыууэ тралъхьэ лъагапІэм япэу ущрихьалІэр «Насып» сабий садым и гупэм и закъуэщ. Идарым и уэрамым щыдзэзыдзых транспортыр псынщІэ дыдзу а щІыпІэм нэсыху ёожэх. Абы къыхэкІыу Суворовым и уэрамыр зэпыбупщІыну шынагъуэщ. Ауэ щыхъукІэ, мы уэрамым тесхэм зыгъэпсэхупІи, лъэс зекІуапІи яІэкъым, Искож паркым къищынэмыщІа. Абы уиихьэн папщІэ зи гугъу тщІы гъэзэгур шынагъуэншэу зэпыбупщІын хуей къудейуэ арац. «АтІэ сыт ягъэ кІын светофору тІу ягъэуву, гъэзэгу зэпрыкІыпІэр къэзыгъэнаІуэ дамыгъэ трагъэувэжмэ. Абы мылъкуи, зэмани текІуэдэнукъым, цІыхумкІи транспортзехуэхэмкІи шынагъуэншэт икІи тыншт», - жеІэ а линэм тет маршрут таксим дэс, илъэс 40 хъуауэ шофёру лажьэ Кьардэн Хьэрэт. Абы къызэриІыпхъэмкІэ, а светофорхэм я фІыгъэкІэ гъэзэгурэ нэхъ хуит къэхъунут.

Зи гугъу тщІа хьэблэхэр зи зекІуапІэхэм Налшык къалэ администрацэм лъэІыкІэ зыхуагъазэ гъэзэгур тынш зыщІыну Іуэху зэфІахыну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ГущІэгъур зи гъуазэхэр

«Псапэ зыщІэну хуей щІалэгъуалэ гуп» фІэщыгъэм щІэту иджыблагъэ дун республикэм къыщыдзэІуахащ волонтёрхэм я Іэнатіэщі.

ЩІАЛЭГЪУАЛЭ Іуэхухэмкіэ, щэнхабзэмкІэ, спортымрэ жьылагъуэ зэгухэныгъэхэм ядэлажьэнымкІэ къыздэгъэпэща комиссэхэм хэт депутатхэм иджыблагъэ жэрдэм къыхалъхьат, унэ зэтетхэм я сабий джэгуПІэ утхэм я щытыкІэр къэпщытэн хуейуэ. Ялэ къэпщытэныгъэхэм къыздэгъэльэгъуамкІэ, уэзэлжьын хуейр мащІэкъым. КъэпщытакІуэ гуп къэс зы ут къиГъэщІэрэщІэжьын хуейуэ зэгурыІуаеу. Депутатхэм езыхэм я мылъкукІэ лэжьыгъэр зэфІахынущ. Мы Іуэхум япэу иужь ихьа депутатхэу Уэщэхун Альберт, Бэчыжь Ланэ, Куэжьокъуэ Арсен сымэ зыхуей хуагъэзащ Ашуровым и цІэр зезыхьэ, Московскэ-2 уэрамхэм я сабий джэгуПІэхэр.

Депутатхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм кІуриубыдэу апхуэдэ щІыпІэ куэд кьагъэщІэрэщІэжьыну я мурадщ. ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ Советым мы зэманым комиссэу 6 къызэригъэпэщауэ мэлажьэ. Ахэр кІэлъоплъ къалэм и теплъэр зэрагъэдахэм, бжьыхьэ - щІымахуэ лъэхъэнэм фэтэрхэр, курыт еджапІэхэр зэрыхуагъэхьэзырым, гъэмахуэ лагерхэр зэрылажьэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Жылагъуэ Іуэху

Депутатхэм я жэрдэм

Налшык щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым и депутатхэм я нэІэтещ ди къалащхьэм и теплъэр егъэфІэкІуэным теухуа дэтхэнэ зы Іуэхуми.

ЖЬЫЛАГЪУЭ Іуэхухэмкіэ, щэнхабзэмкІэ, спортымрэ жьылагъуэ зэгухэныгъэхэм ядэлажьэнымкІэ къызэрагъэпэща комиссэхэм хэт депутатхэм иджыблагъэ жэрдэм къыхалъхьат, унэ зэтетхэм я сабий джэгуПІэ утхэм я щытыкІэр къэпщытэн хуейуэ. Ялэ къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуамкІэ, уэзэлжьын хуейр мащІэкъым. КъэпщытакІуэ гуп къэс зы ут къиГъэщІэрэщІэжьын хуейуэ зэгурыІуаеу. Депутатхэм езыхэм я мылъкукІэ лэжьыгъэр зэфІахынущ. Мы Іуэхум япэу иужь ихьа депутатхэу Уэщэхун Альберт, Бэчыжь Ланэ, Куэжьокъуэ Арсен сымэ зыхуей хуагъэзащ Ашуровым и цІэр зезыхьэ, Московскэ-2 уэрамхэм я сабий джэгуПІэхэр.

Депутатхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм кІуриубыдэу апхуэдэ щІыпІэ куэд кьагъэщІэрэщІэжьыну я мурадщ. ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ Советым мы зэманым комиссэу 6 къызэригъэпэщауэ мэлажьэ. Ахэр кІэлъоплъ къалэм и теплъэр зэрагъэдахэм, бжьыхьэ - щІымахуэ лъэхъэнэм фэтэрхэр, курыт еджапІэхэр зэрыхуагъэхьэзырым, гъэмахуэ лагерхэр зэрылажьэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Пенсэ фондым къет

Лэжьа пенсионерхэм хущІагъу

Урысейм и Пенсэ фондым 2017 гъэм лэжьа пенсионерхэм я страховой пенсэхэм хэпльэжащ икІи апхуэдэ пенсионерхэм къахьым щыщ-хьэуІум хэхуэнущ. ЗыхущІагъуэхэм хеубыдэ я ныкъжьым и ныкъэдыкъуагъэкІэ страховой пенсэхэр зыІэрыхьэхэу 2017 гъэм страховой взносхэр зыхуатахэр.

ПЕНСЭМ дыщІагъунур елъытащ дэтхэнэ пенсионерми и улахуэр зыхуэдизым. 2017 гъэм щыІа уасэм тещІыхьауэ пенсэ баллищ къащтащ, ар сом 235,74-рэ мэхъу. Страховой пенсэхэм дыщІагъун папщІэ Урысейм и Пенсэ фондым и бюджетым 2018 гъэм сом меларди 10,7-рэ хухихынущ.

2017 гъэм Пенсэ фондым 2016 гъэм лэжьа пенсионер мелуан 11,8-м я пенсэхэр кьиб-жьыжащ. Ику иту дыщІигъащ сомиу 169-рэ.

Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

ПцІы зэфэзэщ

Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къыІэрохьэ республикэм и пенсионерхэм къабгъэдэкІ хъыбар. Урысейм и Пенсэ фондым и лэжьакІуэу жаІэу пенсионерхэм я деж мэпсалъэ я пенсэм хагъэхъуауэ икІи сом мин 17-м нэса хуэдэу хъыбар иратащ. Ахэр йолъэІу псынщІэу пенсионерым и счётым е пластик картэм и номерыр жраІэну а ахъшэр Іэрагъэхьэн папщІэ.

АПХУЭДЭ хьыбархэр пцІы зэфэзэщ икІи хабзэхъумэжэм зэхагъэкІыпхъэщ. Пенсэ фондым цІыху къэс хъыбар иригъэщІэркъым жып телефонымкІэ, пенсэм зэрыхагъэхъуар апхуэдэ Іэмалкіэкъым къыздэрагъэщІэр.

Араущи, фысакъ, апхуэдэу зыкъыфхуагъазэ хъумэ, Іэмал зэрилэкІэ псынщІэу УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хъыбар евгъащІэ. Жэуап щывгъэтынур УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм и щІыналъэ Іэнатіэхэрщ. КъищынэмыщІауэ, цІыхухэм сыт щыгъуи Іэмал яІэщ Пенсэ фондым и Іуэхущіапіэхэм «телефон пщтырымкІэ» зыпащІэу зыщІэупщІахэм и жэуап зэхахыну.

Телефонхэр: 8(8662) 42-00-30, 8(8662) 42-00-29, 8-800-200-09-77 (Урысей Федерацэм и щІыналъэм пщІэншэу ущопсалъэ)

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и хэщІапІэмрэ щылажьэ зэманымрэ къщифщІэнуц:http://www.pfrf.ru/branches/kbr/contacts/ сайтым.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Мы гъэм илъэс 60 ирокъу КъБКъУ-м япэ Іэщіагъэлі гупыр къызэрыщІигъэкІрэ. Тхыдэм и дежкІэ ар эман кІыхьхъым, ауэ щыхуэ гъащІэм ехьэлІауэ мащІэкъым. Егъэджакіуэ Іэщіагъэр яІэу университетыр 1958 гъэм къэзыуахэм ящыщ зы гупым я гъащІэмрэ лэжьыгъэмрэ ятеухуауэ си тхыгъэр.

Гъуэгуанэ дахэ

● Жыжьэ - гъунэгъу

ЗЫГУЭР къызгурыІуэ сызэрыхъэрэ кхъухьлъатэзехуэ Іэщіагъэм сехъуапсэрт сэ. Налшык дэт педучилищэр 1953 гъэм къзэуха нэужь, дзэ кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыру Харьков къалэ пэмыжыжьэу щыІэ еджапІэм сыкІуэри экзаменхэр хъарзынэу стат, арщхьэкІэ ди анэм хуабжьу къызэрехьэлъэкІыр си гум жагъуэу илъти, сыщытепыІэртэкъым. Ди адэр Хэку зауэшхуэм хэкІуэдат, ди анэр гугъу кьэщІедехьу диПІыт. Зэкъуэшщыр дригъаджэрт, хьыджэбзитІыр нэхъыжьти, ахэр ynэ ихьахэт. А псор зэпэслъытри, ди щІыналъэм сыкъэкІуэжауэ щытащ. Махуэл дзэмыхьу си тхылъхэр Къэбэрдей пединститутым схьащ, тхыдэмкІэ факультетым сыщІэтІысхьэн мурад сиІэу.

Дэфтэрхэр къэзыщтэ комиссэм зэрыщІэтІысхьэ лъэхъэнэм сыкъэкІэрыгъуауэ яхьэзыкІауэ сыщыту, зы лІы Іув хэщІыха, и щхьэц натІэр икІауэ къыщІыхьащ пэшым. Абы упщІэ гуэрэхэмкІэ зыхуигъэзащ документхэр Іыэых хъыджэбз лъагъэгъуэфІэм. ЩыщІэкІыжьым хъыджэбзым абы жриІащ си Іуэху зытетыр. Ар къызэупщІащ сыкъыщІыкІэрыхуам и щхьэусыгъуэмкІэ икІи гупсэхуу кьедэІуащ си Іуэхур къызэрекІуэкІам. Си тхылъыр сІахыу епльа нэужь, сыарэзымэ, адыгэ школхэм урысибзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджьнухэр щагъэхьэзыр къудамэм экзамен щызытыну етІуанэ гупым сыхрригъэтхэну жиІащ. Сэ абыкІэ арэзы сыхъуащ. Апхуэдиз гулъытэ сыкъыхуэзыщІа лІыр, къызэрыщІэкІамкІэ, институтым и унафэщІ ЖьэкІэмыхъу Іузэрт, къызэрыщІэ комиссэм и секретарь хъыджэбзыр Сэхъу КІулэт.

ФокІадэм и 1-м япэ лекцэм сыщыщІыхьам, сызыхэхуа гупым сцІыхуу зыри яхэттэкъым. Ауэ зэман кІэщІым къэтщІащ хэт дэнэ кьикІами, хэтхэ ящыщми. Ди курсым щІэс щІалэ цІыкІуэхэр тІощІым нэсырт, хъыджэбз цІыкІуэхэр зыгтІущкІэ нэхъ мащІэт. Нэхъыбёу къыщІэтІысхьар Нартан щыщхэт: Дыщэкі Катя, Жамбэч Мэби, Кьардэн Борис, Кьущхьэ Нарт, Кролевец Рае, Тенджыз Женя, Хьэгъэбанэ Роэз сымэ. Псыгуэнсу щыщхэт Безыр Билал, Дзыгуэр Зырамыкъу, Льостэн Хьэрэит, Темыржан Владимир, Унэгъэс Мухьэрбий, Хьэй Владимир. Къуэгъулъкъуей кьикІахэт Абазэ Жанджэрий, Мэрзей Борис, Ержыб Аслъэн сымэ, адрейхэр къуажэ зырызхэм дыщыщт.

Япэ махуэм щыщІэдзауэ дэ дымыкьэулейуэ, дымыщхьэхыу дызэреджэн хуейр фІыуэ кьидгуригъэІуащ факультетым и декан Пипинис Владислав Феликс и къуэм. Абы и ущиехэм дытетащ еджапІэр зэкъудыхьу.

Хуабжьу къыздэгугъуу драгъэджащ урысибзэмрэ литературэмкІэ Жьмухьэмэд, КІуэкІуэ Джэмалдин, АбыгІэ Мухьэб, Кьардэн Буба, Сокъур Мусэрбий, Кьасым ФатІимэ, Пипинис Владислав, Квитинский Николай, Бычков Дмитрий, Великановъ Раисэ, Бабайцевэ Верэ, Яковленкэ Галинэ, Воронковэ Еленэ, Алиев Умар, тхыдэ, политикэ предметхэмкІэ Петросян Гурген, Гуревич Ной, Вэрокъуэ Іэбу, Сабаншы Хьэжсет сымэ, нэгъуэщІхэми. Дэтхэнэ зыри дэркІэ щапхъэт, щІэныгъэ куу зиІэхэт, ахэр я къару емыблэжу, гъэщІэгъуэну, удихьэхыу, купщІэ хэлъу лекцэхэм кьытхуеджэрт. Лекцэ нэужьхэм, зэманыр къамылъытэу, дымыщІэхэмкІэ дзэпкъыгъуэгу хьурт.

А зэманым институтым факультету щы иІэу арат: тхыдэмрэ филологиемкІэ, физикэмрэ математикэмкІэ, химиемрэ биологиемкІэ. Зэман кІэщІым щІэныгъэ куу кьытхуэмыгъэлъэгъуами, ди гупыр хьэл-щэн тэмэмкІэ, зэкъуэтныгъэкІэ, еджэным егугъунымкІэ институтым и адрей студентхэм дакъыхэщ хьуат. Абы кьыхэкІкІэ ди лэжьыгъэри пщІэншэу кІуэдакъым. Ялэ курсым куэдым стипендие кьахуэмыхьами, етІуанэ курсым щыщІэдзауэ къэдухьху стипендие къэзымыхьу гупым кьыхэкІар зырызыхэтт. Абы щыгъуи «3» къэпхьамэ, ар куатыртэкъым.

ФІырэ фІы дыдэу еджэхэм ящыщт Темыржан Владимир, Унэгъэс Мухьэрбий, Ержыб Аслъэн, Иуанькъуэ Нурбий, Кьумахуэ Мухьэрбий, Сыхъэ Рае, Хьэмгъуокъу ФатІимэ сымэ, нэгъуэщІхэри. Локъуэ Марие Сталиныи и цІэкІэ яту щыта стипендиер кьихьырт. Еджэным къыдэкІуэу, ди курсым щыщ студент куэд институтым щекІуэкІ жьлагъуэ гъащІэм хэтащ, институтым, факультетым я комсомол, профсоюз комитетхэм, щапхъэ дахэ кьыщагъэльэгъуэу.

ИлъэсыщІэр, Май, Октябрь махуэшхуэхэр дызэгъусэу едгъэкІуэкІырт. Іэнэм фадэ темыту, дыкъафэу, уэрэд жьгІэу дызэхэст. Ди еджэнхэр зэтеубла хъуа иужь, дэ спортымкІэ секцэ зэмылІэужьыгъуэхэм дыхьэхащ икІи абыхэм мыЕйуэ зыкъыщыдгъэлъэгъуащ. Атлетикэ псынщІэмкІэ нэхъ екъуэлэныгъэ зиІэхэм дащыщт сэ, Ержыб Аслъэн, Дыгуужь Хьэсэн сымэ.

Колхозхэм нартыху, кІэрІІоф къехьэлІэжьынымкІэ, мэкъумылэ гъэхьэзырыныкІэ дзэпкъыгъэгу дыхьуу щытащ зы илъэс къэмынэу. А зэманыр иджыри гугъути, дыздашэ хозяйствэхэм дызыщІэлъыпн яІэтэкъым, шхынкІи дахэ-дахэу кьызэгъэпэща дыхьэртэкъым. Ди псэупІэу щытыр Іэщыр дзэлъкъуэ, Кьущхьэхъу ЖьпІэхэм кьикІыжкІэ, кьызыІтехьэжыну фермэхэрт. Шхальэм хьуазэ дэтпхьэрти абы дыкъэхьт, ди шхыныгъуэр кІэртІоф гъэварэ шэрэт, ауэ абы щхьэкІэ тхьэусыхэ кьытхэттэкъым. ДыздэщыпІэ колхозхэм я правленэхэм зэфІэдзэкІа лэжьыгъэхэм папщІэ фІыщІэ кьыщытхуамыщІ, щытхъу тхылъхэр институтым кьыщрамыгъэхь кьэхъуакъым.

Дэ апхуэдэу жьыджэру дыхэтащ ЩІыщІэм гъавэр кьыщекъэлІэжьыным теухуауэ ВЛКСМ-м и ЦК-м къэралым и щІалэгъуалэм зэрызахуигъэзам. 1956 - 1957 гъэхэм ди курсым щыщу щІалэ 11 щапхъэ къэдгъэлъагъэуэу дыщылэжьащ Акмолинскэ областу щытам хьихьэ Вишневский районым и «Нововладимирский» колхозым. Гъавэр Іузыхьэж комбайнёрхэм я дзэпкъыкъуэгъуэ щІалэ цІыкІуэхр, хъыджэбз цІыкІуэхр хьуэазэ кьигъэдзу дылэжьащ. Иныкъуэхэр гъавэр щагъэкъабзэ хьэмым, мэкъумылэ щагъэхьэзыр бригадэхэм щыІащ. Дэтхэнэ зыми и махуэ кьалэныр процент 200 - 300-кІэ дгъэзащІэу дылэжьащ. 1957 гъэм аргуэру комсомолым и жэрдэмкІэ а область дыдэм и «Ижевский» совхозым дыщылэжьащ. Гъавэр Іутхьжащ, мэкъумылэ дгъэхьэзыращ, Іэщ псэуалъэ тщІащ.

Ди лэжьыгъэфІым папщІэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым студент гупышхуэм кьытхуигъэфэщащ «ЩІыщІэхэр кьызэрэІэтам папщІэ» медалыр, нэгъуэщІхэм ВЛКСМ-м и ЦК-м и дамыгъэхэр, Къззахъ ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и щытхъу тхылъхэр къратащ. Абы нэмыкІуэхэри ауэ щысакъым, ахэри я кьуажэ колхозхэм щылэжьащ. Ди курсэгъу Кьардэн Борис комсомол щІалэгъуалэ звено къызэригъэпэщу Нартан колхозым и Іэщым папщІэ мэкъумылэ куэд зэригъэхьэзырам кьыхэкІыну, 1957 гъэм Мэзкуу щекІуэкІа дунейпсо фестивалым ягъэкІуауэ щытащ.

Ди гупыр сытым дежи щэбэт щыхьэхуэхэм къэхэжанькъыу щытащ. 1958 гъэм и гъатхэм студентхэм егъэджакІуэхэр ди гъусэу хэтсауэ щытащ иджы университетым и гупэм ит парк цІыкІум ит жыгхэр. А лэжьыгъэм папщІэ ректоратым фІыщІэ тхылъ зыхуигъэфэщащэм ди гупри хэтащ. Махуэшхуэхэм дежекІуэкІыну демонстрацэм и япэ сатырым дагъэувырт ди курсыр, къэрал унафэщІхэм я сурэтхэр тхьыну кьытхуагъэфащэрт.

1957 гъэм институтыр университет ящІри, ди еджэныгъэм зы илъэс кьыпащауэ щытащ. Абы и япэ ректору кьытхуагъэкІуа Бэрбэч Хьэтіутэ псынщІэу нэІуасэ зыкьытхуищІащ, гъащІэм, лэжьыгъэм ятеухуауэ псалъэ дахэ куэд кьыджиІащ. А илъэсым дэ тлъэгъуащ университетыр лъэ быдэкІэ увын папщІэ Хьэтіутіэ лэжьыгъэу иригъэкІуэкІар зыхуэдизым. Хуэфащэщ Бэрбэчым и цІэр нобэ ди университетым зэрызэрихьэр.

Университетыр кьызэрыдухам теухуауэ гуфІэгъуэ пщыхьэщхьэр щекІуэкІым дипломхэр кьыдитурэ, Бэрбэчым кьыджжиІа псалъэ Іущхэр, Іэфіхэр, чэнджэщхэр гъэзэгу гъуэмылэ тхуэхуауэ жьпІэ хъунущ абы ящу кьыщІэкІа гупым. Дэ псори Къэбэрдей-Балъкъэрым и йуажэ школхэм дыщылэжьэну дагъэкІуащ. Университетыр щІэт, абы щІэныгъэ куу зиІэ лэжьакІуэ иІэн уеёт. Абы кьыхэкІкІэ ди курсэгъуэгу Джатэгъэжь Владимир - Баку, Иуанькъуэ Нурбий - Мэзкуу, Темыржан Владимир - Ленинград аспирантурэхэм ягъэкІуахэщ.

Дэнэ щІыпІэ щымыІэжьами, си курсэгъуэр лэжьыгъэм егугъуу, хьэлэлу бгъэдэтащ. Сабий мащІэкъым абыхэм гъуэгу пэжым лъэ быдэкІэ трагъэувар. Хэт дэнэ щымылажьэми, щІэх-цІэхыурэ ди хьыбар зэрыщІэу дыщытщ, нэщхьеягъуэхэри гуфІэгъуэхэри зэдыдогъш. Къызэрыдухэ илъэси 10, 20, 30 щыхъуэми дызэхуэзащ.

Си курсэгъуэм кьахэкІащ я лэжьыгъэфІхэм папщІэ къэрал дамыгъэхэр зратахэр, цІэ лъапІэхэр зыфІащахэр. Абыхэм ящыщщ Къущхьэ Нарт, Тенджыз Женя, Пщынокъуэ Маржэнэт, Сыхъэ Рае, Кьумахуэ Мухьэрбий, Льостэн Хьэзрит, Хьэй Владимир, Унэгъэс Мухьэрбий, Шыхьуэ Сультан, Локъуэ Марие, Ержыб Аслъэн, нэгъуэщІхэри. Си курсэгъуэ щытахэм ящыщу Къумахуэ Мухьэрбий, Унэгъэс Мухьэрбий, Хьэй Владимир, Локъуэ Марие, Кролевец Рае, Шыхьуэ СультІан сымэ, сэ илъэс куэдкІэ дылэжьащ еджапІэхэм я унафэщІхэу. Сихьэ Рае, Пщынокъуэ Маржэнэт, Дыгуужь Хьэсэн сымэ еджапІэхэм я унафэщІхэм я къуэдзэу щытащ.

Зэдеджахэм кьытхэкІащ совет, парт, хозяйственнэ органхэм щылэжьахэри. Абыхэм ящыщщ Аруан районым хьихьэ «Бэтэх» совхозым зэман кІыхькІэ и директору, иужькІэ Налшык лы комбинатым и унафэщІым и Іуэхущэу лэжьа Мэрзей Борис, Псыгуэнсу еджапІэм и директору, Аруан райисполкомым щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІу, Налшык Макъамэ театрым и директору куэдрэ лэжьа Локъуэ Марие, Налшык къалэ исполкомым и инструктору щыта Абазэ Жанджэрий, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпІэ промышленностымкІэ и министерствэм кадрхэмкІэ и къудамэм и унафэщІу щыта Мэкъуауэ Сэйимэт, КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм кинофикацэмкІэ и къудамэм и унафэщІу лэжьа Бицу Михаил, Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м и къудамэм и унафэщІу лэжьа Кьардэн Борис сымэ, нэгъуэщІхэри. Сэ Джэрмэншык еджапІэм илъэс 22-кІэ сыщылэжьащ, абы щыщу илъэси 5-р завучу, илъэс 12-р директору, 1979 - 1991 гъэхэм «Джэрмэншык» колхозым и парт организацэм и унафэщІу, 1991 - 1997 гъэхэм колхоз тхьэмадэм и дэІэпкъуэгъуу сыщытащ. 1997 гъэм кьыщыщІэдзауэ кьуажэм и ветераным я советым и тхьэмадэу солажьэ. Джэрмэншык кьуажэм и тхьэдэм теухуа тхьилъ зыбжанэ си кьаІэмыпэм кьыпыкІащ.

Апхуэдэу зэдеджахэр дрогушхуэ икІи дропагэ дэ кьытхэкІа еджагъэшхуэхэм. Апхуэдэхэщ философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и кафедрэм и унафэщІ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиеми и академик Джатэгъэжь Владимир, бзэ щІэныгъэхэм я кандидат Иуанькъуэ Нурбий, экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэмкІэ и институтым экономикэмкІэ и къудамэм и унафэщІу куэдрэ щылэжьа, УФ-м и Къэрал Думэм и депутату щыта Темыржан Владимир, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэу куэдрэ лэжьа, еджапІуэхэр зэреджэ тхьилъ куэд зи Іэдакъэ къыщІэкІа Ержыб Аслъэн сымэ.

Си курсэгъуэм гъащІэм гъэзгу тэмэм щыпхашащ, дэтхэнэми унагъуэ тэмэми игуэтащ. Ауэ гъащІэр гъаІщІэщ, ар зыми кьыхуэгъэувыІэркъыкІ, абы гуфІэгъуэри нэщхъеягъуэри кьыхокІ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ псэуэу дыкъэнар зэдеджахэм ящыщу щІыхуи 8 кьудейщ. Дунейм ехыжахэр жэнэткІэ Тхьэм игъэгуфІэ.

Дэ фІыуэ тлъагъу, ди щІалэгъуэм и Іыхьэ нэхъыщхьэр щыдгъэкІуа, щІэныгъэрэ Іэщіагъэрэ щызэдгъэгъуэта еджапІэ лъапІэм зы илъэсым нэхърэ кьыкІэлъыкІуэ илъэсым зиужь зэпытщ. Университетыр нэхъри езыгъэфІэкІуа, илъэс 20-кІэ абы и ректору лэжьа, иджы абы и президент Къарэмырзэ Барэсбий си еджакІуэу зэрыщытам срогуфІэ икІи срогушхуэ.

Нобэ ди университетыр гъащІэм лъэ быдэкІэ хэуваш, зиужьащ абы сыт и лъэныкъуэкІи, Іэщіагъэ, щІэныгъэ зэмылІэужьыгъэ куэдым щІэблэр хуреГьаджэ икІи иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм папщІэ кьэрал дамыгъэри кьыхуагъэфэщащ. Дыхуейщ абы и ехъулІэныгъэхэм иджыри хигъэхъуэну.

ЛІУП Нурхьэлий.
Джэрмэншык къуажэ

Пенсэ фондым и Іуэхущіапіэхэм «телефон пщтырымкІэ» зыпащІэу зыщІэупщІахэм и жэуап зэхахыну.

Телефонхэр: 8(8662) 42-00-30, 8(8662) 42-00-29, 8-800-200-09-77 (Урысей Федерацэм и щІыналъэм пщІэншэу ущопсалъэ)

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и хэщІапІэмрэ щылажьэ зэманымрэ къщифщІэнуц:http://www.pfrf.ru/branches/kbr/contacts/ сайтым.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Адыгэ бзэщІэныгъэм и шу пашэ

Еджагъэшхуэ Къумахуэ Мухьэдин къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу



Кавказ бзэщІэныгъэлІ нэхъ гуащІафІэ, нэхъ щІэныІуэ дыдэхэм ящыщт Къумахуэ Мухьэдин. Ар илъэс Анзорей ЩыкІуКІэ зэрадзэу щыта, иужькІэ Ласкэн ЕтІуанэ зыфІащыжа къуажэм 1928 гъэм июлым и 29-м къыщалъхуащ.

И АДЭ Іэбубэчыр Хэку зауэшхуэм хэкІыдэри бынитхур пІыныр и пщэ къыдэхуащ я анэ КІуэзэ. Нэхъ щІэгъэкъуэну иІари сабийхэм нэхъ кьахэжэпхъыкІа Мухьэдинщ. Иджыри балигъ ныкъуэхъуу абы къыхуихуащ школым къыщІэкІыу колхозым шыгухуу щылэжьэну. Дауэ гугъу емыихьами, КІуэзэ игъэзэщІащ щхьэгъуэзэр фронтым щыкІуэм къызэрелъэІуауэ щытар: езым къимыгъэзэж хьумэ, бынхэм щІэныгъэ яригъэгъуэтыну. И бынхэм кьуажэ еджапІэр къаригъэухам къыщыкІыну, псоми щІэныгъэ нэхъыщхьэ кьахьыку иригъэджащ. Мухьэдини, Башири, Мурадини щІэныгъэхэм я доктор, еджагъэшхуэ цІэрыІуэ хъуахэщ, абыхэм я шыпхъу Тосэ щІэныгъэхэм я кандидатщ, Мэкъумэш академием ильэс куэдкІэ щылэжьащ. Зэдэлъхуэзышпхъухэм ящыщу нобэ псэужьр я нэхъыщІэ Анусэ и закъуэщи, ари и ныбжьыр хэкІуэтэху школ егъэджакІуэ Іэнатіэм псэхьэлэлу пэрытащ.

Мухьэдин 1952 гъэм Тбилиси дэт къэрал университетым кавказыбзэхэмкІэ и къудамэр къиухри, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием БзэщІэныгъэмкІэ и институтым и аспирант хъуащ. Еджэныр зэфІигъэкІа нэужь, а институт дыдэм кавказыбзэхэмкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэу ягъэуващ икІи адэкІэ Къумахуэм зэпича щІэныгъэ гъэзэуанэр зэрыщыту а институтым епхаэу екІуэкІащ.

ЯпэщІыкІэ кандидат диссертацэр, иужькІэ доктор диссертацэр ехъулІэныгъэкІэ абы щыпхигъэкІащ. ЛІэщІыгъуэ ныкъуэм къриубыдэу Къумахуэ Мухьэдин адыгэбзэм и фонетикэм, грамматикэм, стилистикэм теухуа щІэныгъэ лэжьыгъэу 200-м щІигъу, абыхэм монографиеу 14 яхэту, игъэхьэзыращ. ІэзэныІуатэм и бзэр джыным теухуауэ щІэныгъэлІым иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр ди хэкум и филологие щІэныгъэм лингвофольклористикэ цІэр щызыгъуэта унэтІныныгъэм лъабжьэ хуэхъащ. Къумахуэ Мухьэдин хэхъуэ иджащ кавказыбзэхэр тхыдэм къызэрыщыздэгъуэгурыкІуар. Абы и лэжьыгъэхэм дуней псом пщІэ къызэрыщыхуащІам и щыхьэтщ Европэм щынэхьыжь икІи щынэхь цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ Лунд университетым (Швеце) и доктор цІэ лъапІэр къызэрыфІащар. Ар Урысейм Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и академием, Грузием ЩІэныгъэхэмкІэ и академием, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием я действительнэ член. Къумахуэ Мухьэдин и монографие зыбжанэ, статья куэд Швециемрэ, Англиемрэ, США-м, Голландиемрэ, Германиемрэ, нэгъуэщІ къэралхэми кьыщытрадзащ.

ЩІэныгъэлІым фІыщІэ ин бгъэдэлъщ томитІ хъу «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэр», адыгэхэм я япэ лъэпкъ щІэнгъуазэр, дунейм кьызэрытехьамкІэ. Аращ а тхылъхэм я проектхэр эн Іэдакъэ кьыщІэкІар, я редактор нэхьыщхьэу, щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ унафэщІу щытар.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэм, щІэныгъэм ехьэлІа къызэгъэпэщыныгъэ Іуэхухэм кьадэкІуэу, ар егъэджэныгъэми егупсыгъуаеу. Къумахуэ Мухьэдин и унафэм щІэту кавказыбзэхэр джыным пыщІа Іуэхухэм ятеухуа доктор, кандидат диссертацэу 30-м щІигъу ятхащ икІи пхагъэкІащ. Абы къызэригъэпэщащ щІэныгъэм и Іэнатіэм пщІэшхуэ щызыгъуэта филологие къэхутэныгъэм и унэтІныныгъэ хэха. Къумахуэ Мухьэдин зэи и нэІэ тригъэкІакъым Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым папщІэ кадрхэр гъэхьэзырыным, а республикахэм я щІэныгъэлІхэм быдэу ярыщІауэ, ядэлэпкъуу, ядэлажьэу екІуэкІащ.

Филологие щІэныгъэм зегъэужьныныкІэ иІэ фІыщІэхэм папщІэ Къумахуэ Мухьэдин Іэбубэчыр и кьуэм Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и щІыхь тхылъхэр кьратащ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр кьыфІащащ.

Адыгэбзэм теухауэ Мухьэдин и Іэдакъэ кьыщІэкІахэр гупитІу бгуэш хьунущ: япэр бзэм и нобэрей щытыкІэр щызэпкърыхахэрщ, етІуанэр - бзэм и блэкІар зэфІэзэгъэнэжьэрщ.

Бзэм грамматикэ хуитхыну япэу яужь ихьауэ щыта Нэгумэ Шорэ сыт ищІауэ щытар? Абы адыгэбзэр япэщІыкІэ иригъэпещащ урысыбзэм. Псалъэм папщІэ, урысыбзэм а зэманым кьыхагъэкІыу щыта падежиблыр ди бзэми кьыхиригъэтэн и гугъэу икъукІэ елІэлІауэ щытащ.

ИтІанэ адрей бзэ зыщІыгъуазэмкІэ - хьэрыпыбзэмкІэ - зигъаазэри, абы и кьупхъэми иригъэззгъэну пылъащ. Шорэ абыкІэ емыкІу хуэпщІ хъунукъым: абы «щІыпІэ нэщІым» кьыщиригъэжьэн хуейт, адыгэбзэм теухауэ зэи зыми кьэхутэныгъэ иригъэкІуэкІатэкъым. Ауэ иужькІи адыгэбзэм елэжьахэри, мащІэми куэдми, а Іуэгу дыдэм ирикІащ - щхьэж езыр нэхъ зыщыгъуазэ бзэм и мардэхэмкІэ адыгэбзэр яджыну яужь итахэщ. Ауэ нэрылъагъут абхъаз-адыгэ бзэ гуп жьыхуэІэр зэбгъэпщэни зэбгъэщхьыни дунейм зэрытемытыр, абы кьыхэкІи мыбыхэм езым я бгъэдыкъэкІэ кьахуэгъэуэтыжьын хуейт. Ар и кІэм нэсу зыхуПъэкІар Къумахуэ Мухьэдинщ. Абы и лъэныкъуэкІэ щІэныгъэлІым хузэфІэкІам тхылъ псо тепТхыхьыфынущ, ауэ мыбдеж зы щапхъэ закъуэ нэхъ мыхъуми кьэтхьынщ. ФІэщыгъэцІэ дыдэ мыхъуами, бзэщІэныгъэлІхэм зэпадзыжу кьагъэсэбэп «Къумахуэм и дэкІуеипІэ» («Кумаховская лестница») жыхуиІэ гурыІуэгъуэр. Ар кьэтекІащ Мухьэдин и лэжьыгъэхэм ящыщ зым кьыщихьауэ щыта мы щапхъэм:

шэ
е-шэ-ж
з-гъэ-шэ-жы-ф
е-з-гъэ-шэ-жы-ф-а-щ
д-е-з-гъэ-шэ-жы-ф-а-т
къы-д-е-з-гъэ-шэ-жы-ф-а-тэ-къым
у-къы-д-е-з-гъэ-шэ-жы-ф-а-тэ-къым-и

Пэж дыдэу, и бгъуитІымкІи теувапІэхэр зиІэ дэкІуеипІэм ещхькъэ? Зы пычыгъуэ фІэкІа мыхъу «шэ» глагол лъабжьэм и пэмкІи и кІэмкІи аффикс зэмылІэужьыгъуэхэр пыувэкІэрэ аптхуэдэу зеубгъуф, апхуэдиз псалъэщІи кьытохьэкІ. Ар абхъаз-адыгэ бзэ гупым я зы нэщэнэщ. Ауэ нэхъ гъэщІэгъуэныжьыр адэкІэщ. КьызэрыщІэкІымкІэ, О-а аффиксхэм я дэтхэнэ зыми увыпІэ хэха иІэщ, н. ж., адэжу Іэнэм щытІыскІэ нэхъыжь-нэхъыщІэ елъытакІэ кьызэретІысэкІым ещхьыкъабзэу, префиксэмрэ суффиксэмрэ зэкІэлъыкІуэкІэ пыухыкІам тету псалъэ лъабжьэм поувэ. Абы гу лъызытэу а зэкІэлъыкІуэкІэм и хабзэхэр зыубзыхуар Къумахуэрщ.

Иджы адыгэбзэм и тхыдэм дыІэбэнщи, абы езыкур закъуэтІакъуэхэт, яужь уихьэкІи къикІынІауэ я фІэщ зэрымыхъум кьыхэкІыу. Мыри зи кьару кьихьар Мухьэдинщ.

Бзэм и тхыдэр нэхъ зэфІэгъэувэжьыгъуафІэщ, абы лІэщІыгъэ бжьгъэкІэ тхыгъэ иІэу кьэгъуэгурыкІуамэ, е, индоевропеибзэхэм ещхьу, зэІыхьлы бзэ Іэрамэщхьэу хьурэ абыхэм ящыщ зым фІэкІуэдар адрейхэм я деж кьыщыпхуэгъэтьжмэ. Адыгэбзэм а лъэныкъуитІымкІи «и насып кьиКІакъым»: ди бзэмкІэ тхэн зэрырагъажьэрэ лІэщІыгъуэрэ ныкъуэм фІэкІакъым, мыдэкІэ нэхъ Іыхьлы гъунэгъу дыдэу диІэ бзищымрэ - абаззэ-зэ, абхъазыбзэ, убыхыбзэ - дэрэ апхуэдизкІэ дызэпэщІэкІащи, ахэр тегъэщІапІэ щІыщІыфыр зэзэмызэхэщ. Кьэнэжа Іэмал закъуэр - езы бзэм и щІыпІэ псэлъэкІэ щхьэхуэхэр (диалект, говор жьыхуэтІэхэр) арати, мис ахэр Іэкіуэлъакіуэу зэрригъапщэкІэрэ пасэрей адыгэбзэм и фонетикэри, морфологиери, синтаксири ди пащхьэ кьриплъхьэжащ Мухьэдин.

Ауэ Къумахуэм зэфІигъэувэжар ди бзэм и тхыдэм и закъуэкъым. Бзэм кьыдит Іэмалхэмкіэ абы игъэзІуащ Іуэрыіуэтэми, пъэпкъ тхыдэми, щынхабзэми я проблемэ зыбжанэ. Аргуэру зы щапхъэ закъуэкІэ дыкъыщэтеувыІэнщ. 1970 гъэхэм Мухьэдин итхауэ щытащ нарт Сосрыкъуэ и цІэр этимологие и лъэныкъуэкІэ зэпкърыхыным теухуа тхыгъэ мыин дыдэр. Ар инагъкІэ кьызэрыгуэкІми, мыхьэнэуэ иІэмкІэ зэи зи пщІэр емыхуэхьін лэжьыгъэ щыпкъащ, сыту жьіпІэмэ, бзэщІэныгъэм и хабзэ тКІиІм темыкІыу абы къыщыгъэлъэгъуащ нарт цІэрыІуэм и цІэр шэч лъэпкъ къытумыхьэжьыну зэрыадигъбзэр. ЗэрытщІэщи, нобэми нарт эпосыр зралъэфалІэну нэгъуэщІ лъэпкъхэм ящыщ Іэджи кьыхуэзэпощэ. Абдежым эпосым и лІыхъужь курыхым и цІэр зыщыщ бзэр гъэнэхуэным мыхьэнэшхуэ иІащ.

Илъэс бжьигъэ я зэхуакуу Къумахуэ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ пэж икІи и ІуэхущІэгъу Іэкіуэлъакіуэ Зарэрэ зэдатхащ Іуэрыіуэтэм и бзэмрэ гъащІэмрэ я зэпыщІэныгъэм теухуа тхыльыщ. Авторхэм а тхылъыщымкІэ щІэныгъэрылажьэ псоми хьэкъ щащІащ нарт эпосым и лІыхъужь нэхъыщхьэ зыбжанэмрэ абыхэм ехьэлІа сюжетхэмрэ кьыгуэпх мыхъуну адыгэбзэм, адыгэ тхыдэм, адыгэ щэнхабзэм епхаэу кьызэрыгуэгурыкІуэр. Абы щыгъуэми, ар зытхъэм нэгъуэщІ лъэпкъ гуэри ягъэпудыркъым, зыми и Іыхьэ кьытрахьи гуращэ яІэкъым, атІэ дэтхэнэми я пщІэр зэрахьумэным пылъщ.

УблэкІынкІэ Іэмал иІэкъым лъыкІи, хабзэкІи, бзэкІи ди Іыхьлы дыдэ уфыкъэм ятеухуауэ Къумахуэм хуэзфІэкІам. Аращ СССР-м щыщ щІэныгъэлІхэм ящыщу XX лІэщІыгъуэм и 80 гъэхэм уфыкьбзэм ирипсалъэу дунейм кьытенэжауэ щыта цІыху закъуэм - Тевфик Эсенч - деж кІуэфауэ щытар, иужькІэ а лІыжьыр кьезыгъэблагъэу и адэжь хэкур езыгъэпъыгъажьри Мухьэдинщ. Тевфик дэлажьэурэ, итІанэ хамэ къэралхэм щыщ щІэныгъэлІхэм я лэжьыгъэхэр, убыхыбзэкІэ щыІэ тхыгъэхэр кууэ зэпкърихьыурэ Къумахуэм ятеухуакІэ убыхыбзэм теухуа очерк яп дыдэу ди къэралым кьыщыдигъэкІауэ щытащ, иужькІэ а унэтІныныгъэм зригъэубгъуурэ, зэпымыуэ елэжьыгъэ убыххэм ятеухуа тхылъ псо итхащ. Абырэ Адыгэ щІэнгъуазэм (энциклопедием) убыххэм ятеухуауэ ит Іыхьэмрэ (ари Мухьэдинщ зи Іэдакъэщхьыр) убых лъэпкъым и энциклопедие пэлъытэ хъуащ, ахэр дунейм текІуэдыкІыжа лъэпкъым и фэелъ и игъащІэкІэ мыкІуэдыжынщ.

Апхуэдэкъабзэу адыгэбзэм теухуа энциклопедиещ, а бзэм теухауауэ лэжьа хъуа псори кьызэщІэзыкъуэж тхылъщ псом япэу Мухьэдин и фІыщІэкІэ дунейм кьытехьа, ищхьэмкІэ зи цІэ кьыщитІуа «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» томитІыр. Аращи, зы энциклопедиекІэкъым Къумахуэр кьызыхэкІа и лъэпкъым зэрыхуэупсар...

Адэкіэ дауэ кьыхуымыгъэщынрэ иджырей адыгэ литературэбзитІымрэ абыхэм я тхылбзэмрэ зэгъунэгъу, зэщхъ щыжьыным теухуауэ Къумахуэм зэхилъхьа проектыр?! Зэхилъхьам кьыщимыгъанэу, абы теухуа зэІущІэ зэхишэри, адыгэ республикищми я бзэщІэныгъэлІ псори кьиГъэдэІуэфауэ щытащ ар зэдзаразыуэ кьащтэну. Дызытепсэлъыхь проектым хэткъым, языныкъуэхэм зэрыжаІэм ещхьу, адыгэ псори зы тхэкІэм дытехьэн, е ди алыфбейри пэжыріытхэри зэрыщыту зэтекъутауэ псори щІэрыщІэу зэхэлъхьэжьын хуейуэ кьэзыгъэуэ Іуэху епльыкІэхэр.

Жьыжь плъэф дэтхэнэ зым дежкІи гурыІуэгъуэ апхуэдэу уха ІъадэмэІ, ар мыхъумыщІэм хуэкІуэнкІэ зэрыхъунур. Проектыр зытеухуамрэ абы и мурадымрэ кІэщІу кьэпІуатэмэ, ар зыхуэунэтІар иджыпстэ зэтеувауэ щыІэ литературэ бзитІым (адыгеибзэмрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ) зэщхьу кьыщапсэлъхъэ я тхыкІэри зэщхь щІынырщ.

Зи гугъу тщІы проектымкІэ щІэныгъэрылажьэхэр арэзы зэрызэдэхъурэ зэманыфІ дэкІащ. Е лъэхъэнэм кьириубыдэу сыт зэфІэкІа атІэ, жьпІэмэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и лъэныкъуэкІэ кьыхуагъэувам ипкъ иткІэ, къэрал унафэ КъБР-м и Парламентым къищтащ. Адэкіэ унафэр тэрэзу лэжьэн папщІэ, апхуэдэ лъэбакъуэ ичын хуейщ адрей лъэныкъуэми - Адыгеймі. А республикам власть хьэжым и зэрранкІэ Іуэхур кІыхьлІыхь щыхъуами, иджыблагъэ ар кьыщІэтыжащ Адыгейм гуманитар щІэныгъэхэмкІэ и институтым, а проблемэм теухауэ зэхаша «Іэнэ хъурейм» унафэ кьыщащтащ мыр республикэм и къэрал хасэм кьыщыхальхьэну икІи гугъапІэ щыІэщ мы Іуэхум мыгувэу унафэ тэмэм тращІыхьыныжьмкІэ...

Иджы илъэсипщІкІэ дызэІэбэкІыжьынщи, дигу къэдгъэкІыжьынщ Къумахуэ Мухьэдин и гъащІэм и иужьрей илъэсыр - 2008 гъэр. Дэ зыдгъэхьэзырырт Мухьэдин и юбилейр дгъэлъапІэну, дегупсысыр ар нэхъ екІуу зэредгъэкІуэкІыным. Езыри ерагъуэ кьытедгъэхьат и гъащІэм щыІэр дыдэу кьыщащІауэ махуэр утыку кьэтщІынкІи. Илъэс 80-м кьиурибудэу зэи кьрахьэжьатэкъым абы ехьэлІауэ апхуэдэ Іуэху. Кьимыльжьауэ арат? Кьилэжьа кьудейт?! Хуэмыфащэрэт? Ауэ сытми хуэфащэт! Илъэс 50 щыхьуами ар щІэныгъэлІ цІэрыІуэт, адэкІэ 60-р, 70-р, 75-р... Арщхьэкіэ и унагъуэм исхэмрэ абыхэм я Іыхьлы, ныбжьэгъу гъунэгъу дыдэхэмрэ фІэкІа нэгъуэщІхэм гу лъатакъым а махуэхэм.

Иджыри зихъунщІат. Дауэ мыхъуми, кьэдгъэдэІуат - абы нэхъыбэу хуейр адыгэ бзэщІэныгъэрщ, адыгэ лъэпкъыщ жьтІЫуэрэ. Арщхьэкіэ зыми димыгугъа кьэхъуащ - псэужакъым абы нэсхьу.

Дапщэщи адыгэм ди деж кьыщыхьу хабзэр кьэхъуащ - цІыхуэхуэ кьытхэкІамэ, псэухукІэ абы гупытэ щІагъэ игъуэтыркъым. Мухьэдин цІыхуэхуэт, мы ди лъэхъэнэм нэхъ дызэрыгушхуэну диІэ ди лъэпкъэгу нэхъ пажэ дыдэхэм ящыщт. Ар, шэч хэмылъу, наІуэ щыхъащ Къумахуэм и илъэс 80-м иритхьлІэу ди телевиденэм кьиГъэлъэгъуа, иужькІи зыбжанэрэ кьызытрагъэзэжа нэтыным епльа дэтхэнэми. Токъмакъ Светланэ - а нэтыныр зыгъэхьэзырам - хуэзфІэкІащ Мухьэдин дунейм зэрытета дыдэм хуэдэу ди пащхьэ кьригъэувэжьи. Ауэ щыхъукІэ, Токъмакъым илэжьам и мыхьэнэмрэ кьилэжь фІыщІэмрэ пхуэмыІуэтэным хуэдизщ. Мыдрейхэм псоми Мухьэдин и щІыхуэ ттельщи, ар зэрыгтпшыныжа хъунум девгъэгупсыс.

Сэ сызэригугъэмкІэ, псом нэхърэ нэхъыбэу абы и псэр зыщыгуфІыкІынур ди лъэпкъым и кьэкІуэнум дыхуэлажьэмэщ, ди бзэр, ди щэнхабзэр хэдмыгъэкІуэдажу адэкІэ дгъэкІуэтэмэщ. Дауэ, а Іуэхум Къумахуэм хилъхьам хуэдиз зыхуэзфІэкІынмрэ закъуэтІакъуэхэщ.

Ауэ дэтхэнэми хуэщІэнур мыщхьэхыу ищІэмэщ лъэпкъыр нобэ зэрыт щытыкІэ гугъум дыкъыщикІыфырынур - аращ дерс нэхъыщхьэу зи гугъу сщІа нэтыным кьыхэкІыр. Мухьэдин и лъэпкъым зыхуегъаз: маржэ, дывмыгъэбэлэрыгъ, арыншамэ убыхым я махуэр кьэтхуэкІуэнущ. Лъэпкъ мащІэхэр щыс-хьыншэу ІщІэзыльафэ глобализацэм и лъэхъэнэм пэдвгъэгъэув ди акъылрэ ди зэфІэкІрэ; а Іуэхумкіэ дызэкъуэвгъэувэ адыгэу дэнэ щыІэри.

Лъэпкъым емыІэзышжу хуэлэжьа цІыхум хуЛъэкІынум и инагъымкІэ щапхъэ нэсщ езы Мухьэдин. Нобэрей дунейпсо щІэныгъэм адыгэхэр нэхъ кьызэрыщащыхьр адыгэбзэм Къумахуэм тригъэпсыхьа кьэхутэныгъэхэрщ. Пэжщ, адыгэбзэхэм нэгъуэщІ Іэджи елэжьащ, ауэ Мухьэдин и Іэзэгъым, Шамилъ Каринэ, Мальмё (Швеце) университетым и профессор: «Къумахуэм и лэжьыгъэхэр кьагъэсэбэп кавказыбзэхэр зыджу дуней псом щыпсэу еджагъэшхуэхэм... ЩІэблэм щапхъэ яхуэхьун лъэужь кьызэзэныкІа щІэныгъэлІым и фэелъыр мыкІуэдыжынщ»; Шенгелие Важэ, БзэщІэныгъэ институтым, Чикобавэ А. С. и цІэр зезыхьэм, и кьудамэм и унафэщІ, Тбилиси къэрал университетым и профессор: «Къумахуэ Мухьэдин адыгэ щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ хуищІа хэлъхьэныгъэр кьыпхуэмылытэнщ. Абы и щІэныгъэ лэжьыгъэхэр дуней псом щыцІэрыІуэщ. Мухьэдин и цІэр тхыдэм хэмыгъэущэжыну кьыхэнащ».

Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Зарэрэ я бынхэм я адэ-анэм я щІэныгъэм хуэфащэн цІыху кьахэкІащ. Япхъу Заремэ филологие щІэныгъэхэмкІэ докторщ, США-м и университет нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ зым и профессоршц, я кьуэ Руслан дунейпсо экономикэмкІэ ІэщІагъэлІщ, ари щІэныгъэхэм я докторщ, Париж дэт щІэныгъэ центрым щолажьэ. Филологиер Іэщіагъэу кьыхихащ я пхъурылъу Майи - Франциемрэ щолажьэ икІи абы унагъуэ щыхъуаУэ щопсэу.

Езыр тхэмытыжкми, Мухьэдин и юбилей гъэм гупытэ хэха хуэтщІыпхъащ адыгэгъэшхуэм и цІэр гъэлъэпІэным. Абы ехьэлІауэ мызыгъуэгурыкІ ча хъуар зы лъэбакъуэщ: Налшык кьалэм и администрацэмрэ ЩІыпІэ советымрэ я фІыщІэкІэ иджы Мухьэдин и цІэр зэрехьэ кьалэм и Нарт хьэблэщІэм и зы уэрамым. Адэкіэ, сэ сыхуитамэ, схуэзэфІэкІамэ, мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэри кьесхьэжьэнт.

Япэрауэ, икІэм-икІэжьм, зэ яужь ихьауэ, Адыгэ щІэнгъуазэм теухуа зэІущІэ (симпозиум) Іэтауэ, ехьэжьауэ егъэкІуэкІын хуейщ, дэнэкІи щыІэ адыгэхэми я лІыкІуэкъэ кьурихьэлІэу. А зэІущІэр апхуэдэуи увынт абы и кьызэгъэпэщакІуэр - Къумахуэ Мухьэдин - щагъэлъапІэ махуэу.

ЕтІуанэрауэ, Мухьэдин зыщылэжьа Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым КъБР-м и Президентым зыхуигъэзауэ щыташ Къумахуэм ди республикэм и дамыгъэ нэхъ ІьапІэ дыдэр кьратыну щІэлъэІуу. Ар мыпсэужэми хуагъэфащэ, ауэ щыхъуркІэ - а лъэІур иджыри лъэІуу кьонэж. ФІы дыдэт ЩІэнгъуазэм теухуа зэІущІэм ирихьэлІэу абыкІи унафэ щыІамэ.

Ещанэрауэ, Мухьэдин и Іэдакъэ кьыщІэкІа лэжьыгъэхэр зэгъэуІуауэ Іэмал имыІэу кьыдэгъэкІыжын хуейщ том зыбжанэу. Мыхэр адэкІэ едмыгъэтІыльэкІыу мы гъэм зэфІэбгъэкІ хъунухэрщ. Абыхэм нэмыщІ, шэч хэлъхъэм Къумахуэм и цІэр щІэныгъэ, щэнхабзэ Іуэхущ Іанэхэм яфІэтщыну зэрыхуэфащэм, еджагъэшхуэм и цІэкІэ стипендие республикищми я студент-филолог нэхъыфІхэм щхьэкІэ бгъэув зэрыхъунум.

Шэч кьызытумыхьэнуращи, Мухьэдин и цІэр, и Іэдакъэщ кьыщІэкІа лэжьыгъэхэр зэгъэуІуауэ Іэмал имыІэу кьыдэгъэкІыжын хуейщ том зыбжанэу. Мыхэр адэкІэ едмыгъэтІыльэкІыу мы гъэм зэфІэбгъэкІ хъунухэрщ. Абыхэм нэмыщІ, шэч хэлъхъэм Къумахуэм и цІэр щІэныгъэ, щэнхабзэ Іуэхущ Іанэхэм яфІэтщыну зэрыхуэфащэм, еджагъэшхуэм и цІэкІэ стипендие республикищми я студент-филолог нэхъыфІхэм щхьэкІэ бгъэув зэрыхъунум.

Шэч кьызытумыхьэнуращи, Мухьэдин и цІэр, и Іэдакъэщ кьыщІэкІа лэжьыгъэхэр зэгъэуІуауэ Іэмал имыІэу кьыдэгъэкІыжын хуейщ том зыбжанэу. Мыхэр адэкІэ едмыгъэтІыльэкІыу мы гъэм зэфІэбгъэкІ хъунухэрщ. Абыхэм нэмыщІ, шэч хэлъхъэм Къумахуэм и цІэр щІэныгъэ, щэнхабзэ Іуэхущ Іанэхэм яфІэтщыну зэрыхуэфащэм, еджагъэшхуэм и цІэкІэ стипендие республикищми я студент-филолог нэхъыфІхэм щхьэкІэ бгъэув зэрыхъунум.

Профессор Къумахуэ Мухьэдин Кфар-Камэ къуажэм къыщопсалъэ. *Израиль, 1996 гъэ*

Къумахуэ зэкъуэшхэр: Мухьэдин, Мурадин, Башир. *1967 гъэ*

БИЩІО Борис,
Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым адыгэбзэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор.

Къэбэрдей уэрамым щагъэлъагъуэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щыIэ Щlалэгъуалэ советым илъэс етIуанэ хъуауэ къыщэрегъэпэщ «Артмосфера» ФIэщыгъэм щIэт псапащlэ фестивалыр. А Iуэху дахэмкlэ ди щIыналъэм щыпсэу творческэ щlалэгъуалэ нэхъыфlхэр зэхуашэсри, я лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ, мастер-классхэр, нэгуэшужь концертхэр, жармыкlэхэр ирагъэкlуэкl. Абы мыпхыкlэ зыщlагъэхъуащ «Ростелеком»-м КъБР-м щиIэ къудамэмрэ рекламэмкlэ «Стрелец» Iуэхущlапlэмрэ.

ИУЖЬРЕЙ зэманым ди республикэм щызэхэта щlалэгъуалэ зэхьхьэхэм ящыщу «Артмосфера»-р нэхъ гукъинэж хъуахэм ящыщу къэплъыта хъунущ. Бадзэуэгъуэм и 22-м Налшык и Къэбэрдей уэрамыр гуфlэгъуэмрэ дахагъэмрэ зэщIуубыдат. Iэпщlэлъапщlэхэм я къалэ цIыкIу укъыдахута къыпщагъэхъурт уи нэгу щlэкl псоми. Лъэпкъ фащэхэр, гуащэ цIыкIуэр, бзыльхугъэм зэрызигъэдахэ хьэпшып екIуэр, чысэ тельыджэхэр, цым къыхэщIыкIа щыгъынхэр, сэшхуэхэр, удз гъэгъахэр, нэгъуэщIхэри ялыгъыу уэрамым и бгъуитIым етIысэкIа щlалэгъуалэм уи псэр ягъэгуфIэрт. Декоративно-прикладной гъуэзджэм и унэтIныгъэ псори къызэщIуубыдэрт абы къарагъэблагъа цIыху 40-м. Гуфlэгъуэ щытыкlэр нэхъри щlагъэхуабжьэрт артист ныбжьыщlэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ. Уэрэдри, къафэри, усыгъэри, Iэрыкlэри зэкIуу зэхаухуэнат къызэгъэпэщакIуэхэм.

Пхъэ лъакъуэ лъагэхэмкlэ къызэкIуэ иныжьхэр, гъуджэм къыхэщIыкIа фащэкlэ хуэпа цIыхухэр абдеж къыщызэрагъэпэща зэпеуэхэм щlалэгъуалэр хыхьэну трагъэгушхуэрт. А псом къыдэкIуэу, пхъашlэ Iэщlагъэм, дыщэидэм, каратэм и щэхухэм хуей дэтхэнэми щадзэгъашэ мастер-классхэри екIуэкIырт.

Фестивалым ипкъ иткlэ фэеплъ къэпшып къэзыщэхуа дэтхэнэми ирата билет цIыкIухэр пщыхьэщхьэхуэкIуэу ягъэджэгуати, цIыхуиим я насып къикIащ.

- Си гуапэу къыхэзгъэщыну сыхуейт, кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхьур зэфlэкI зыбгъэдэлъ щlалэгъуалэр. Жармыкlэм щытлъагъу хьэпшыпхэм удамыхьэхынкlэ Iэмал иIэкъым. Iэкlэ щIа хьэпшыпым абы елэжьам и хуабагъэр, гуапагъэр хелъхьэ, аращ ахэр уасэншэ зыщIыр, - жиIащ фестивалым и жэрдэмщlакIуэ, Щlалэгъуалэ советым хэт Къардэн Линэ.

- «Артмосфера»-р творческэ зэхьхьэ къудейкъым, ар псапэ щlэным, гуапагъэм хуэунэтlа Iуэхущ. ОперацIэ лъапIэ ирагъэщlын хуейуэ къызыпэщыльэ зэаназэкъуэм (Алийх Маринэрэ Залымрэ) зыщlагъэкъуэну абы кърихьэлIахэм Iэмал яIащ. Къыщынэмыщlауэ, щlалэгъуалэ Iэпщlэльапщlэхэми я хьэпшыпхэм къыщlэкIам щыщ ахъшэ а унагъуэм хухахащ. Дыщогугъ ар сэбэп яхуэхъуну, - жиIащ Щlалэгъуалэ советым и унафэщl Шэджэмокъуэ Оксанэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ЗэкIэ зэрытегъэкIуакъым

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Легион Динамо» (Мэхьэчкалэ) - 1:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэуiум и 3-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Стрельцов, Тиракьянц (тIури Дон Iус Ростов щыщщ), Тибилов (Ардон).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Лелюкаев, Тебэрды, Ольмезов, Абазэ, Мэшыкъуэ, Михайлов (Бацэ, 46), Салахетдинов (Машэкъ, 73), Шаваев (Iэпщацэ, 81), Ашу (Хьэгъур, 46; КIэдыкIуэр, 83), Баев.

«Легион Динамо»: Гаджикадиев, Ибрагимов, Зайцев, Шалбузов, Газимагомедов (Шихаев, 83), Акаев, Багатырев (Юсупов, 90+1), Гайдаров, Саадуев, Алиев (Магомедов Р., 74), Магомедов М. (Шишкин, 58).

Топхэр дагъэкIащ: Богатырёвым, 42 (0:1). Мэшыкъуэм, 54-пенальтикIэ (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Абазэм, Ольмезовым, Салахетдиновым, Шаваевым.

УРЫСЕЙ Федерацым футболымкIэ и кубокыр къэхьыным ипкъ иткIэ екIуэкI зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ зэIущIэм Владикавказ къикIахэм 0:4-уэ махуитI ипэкIэ къызэрыхагъэщIар ди щlалэхэм мэремым ирихьэлIэу ящыгъупщжауэ пхужьIэнукъым. Ар наIуэу къигъэлъэгуащ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыщlэзыдза зэпеуэм хиубыдэу Мэхьэчкалэ и «Легион Динам»-р къыщыгъэблагъа. Налшыкдэхэр Iэнкунт, щыуэну шынэ зэпыттт икIи абы гу лъызыта хьэщlэхэр псынщIэу къатегушхуащ. Дакъикъ еплIанэр екIуэкIыу арат Саадуевым бжьыгъэр къыщыдзэIуих пэтам. Ди насыпти, гъуэ нэщIым топыр дыхьакъым.

Псынщlэ дыдэу къахухьуэкIа шынагъуэм «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм закъригъэщlэжащ. Мыгувэу Михайловым къыхэжаныкIыну Iэмал иIащ. Арщхьэкlэ зымащlэкlэ и насып къикIакъым. Топ дигъэкIыфыну щытащ Салахетдиновми. А щlалэр дэнэкIи нэсырт икIи хуабжьу жьыджэрт, ауэ и зэран зыхэт гупым екIащ: топыр ди гъуащхьэхъумэхэм къащыритыжьым, хьэрхуэрэгъуэм ящыщ Богатырёв Абумуслим ар кьипхьуатэри, 42-нэ дакъикъэм бжьыгъэр кьызэIуихащ. Загъэпсэхуну имыкlыщlэ хьэщlэхэр иджыри зэ къыхэжаныкIыфыну щытащ - Магомедовыр щхьакlэ зэуа топыр сантиметр бжьыгъэкlэ гъуэм блэлъэтащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэращ «Спартак-Налшыкым» зыкъыщIэзэкъуихар. Псом хуэмыдэу жьыджэрт Бажэ Амир. 54-нэ дакъикъэм хьэщlэхэм я гъущхьэхъумищым яIэщlэкIауэ гъуэм щыхуэкIуэм, еплIанэм ар ириудащ. Пенальти! Ар Iэзэу игъэзэщIащ Мэшыкъуэ Хьэчим.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, налшыкдэсхэм нэхъыбэ а пщыхьэщхьэм яхуэзэфlэкIакlэм. Хьэщlэхэр зы очкомкIэ арэзыт. Арати, зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Пэщlэдзэ джэгуГуитIым очкоиплI зыIэрызыгъэхьа «Спартак-Налшыкым» турнир таблицэм зэкlэ етIуанэ увыплэр щиубыдащ. Абы ипэ кьитыр Астрахань и «Волгарь»-м и закъуэщ - ар зэIущIитIми щытекIуащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Урысей Федерацым футболымкlэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыщlэзыдза зэхьэзэхуэм и етIуанэ джэгугъуэм кьрикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **0:0**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Академия**» (Дон Iус Ростов) - **2:1**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - 1:1, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **2:2**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **СКА** (Дон Iус Ростов) - **3:1**, «**Чайка**» (Песчанокопское) - «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - **1:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр щыщхьэуIум и 12-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Дон Iус Ростов къалэм щыIущIэнущ турнир таблицэм и кIэух увыплэр зыубыда щlыпIэ «Академия»-м. Хэгъэрейкэм зэкlэ зы очкои иIэкъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацым футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Волгарь»	2	2	0	0	5-3	6
2. «Спартак-Налшык»	2	1	1	0	3-2	4
3. «Чайка»	2	1	1	0	2-1	4
4. «Мэшыкъуэ-КМВ»	2	1	1	0	2-1	4
5. «Ангушт»	2	1	1	0	2-1	4
6. «Краснодар-3»	1	1	0	0	3-1	3
7. «Урожай»	2	1	0	0	3-1	3
8. «Дружба»	2	1	0	1	1-1	3
9. «Черноморец»	2	0	1	1	3-4	1
10. «Спартак-Владикавказ»	2	0	1	1	3-4	1
11. «Легион Динамо»	2	0	1	1	3-4	1
12. «Динамо-Ставрополь»	2	0	1	1	1-2	1
13. «Биолог-Новокубанск»	2	0	1	1	1-2	1
14. «СКА»	2	0	1	1	2-4	1
15. «Академия»	2	0	0	2	2-5	0

● Бгы-лыжэ спорт

Iуащхьэмахуэ лъапэ щызэпоуэ

Илъэс псом къриубыдэу лажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ «Эльбрус» турист-рекреацIэ комплексым щекIуэкIащ бгы-лыжэ спортымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэр.

ЦIыхуХЪУХЭМРЭ цIыхубзхэмрэ зэпеуащ «сналом», «сналом-гигант» лIэужьыгъуэхэмкlэ, къищынэмыщlауэ, щхьэхуэу зэхьэзэхуащ ныбжьыщlэхэри. Псори зэхэту урысейпсо зэпеуэм хэтащ къэралым и щIыналъэ 20-м икIа спортсменитI 150-м щигъу.

Сналом-гигантым текIуэныгъэр къыщихьащ Подмосковьем щыщ Романовэ Анастасие, цIыхухъухэм я деж пашэ щыхъуащ Сахалин къикIа Другов Юрий. Романовэр, къищынэмыщlауэ, нэхъыфlу къыщыщIэкIащ «сналом» лIэужьыгъуэми. Цlыхухъухэм я зэхьэзэхуэм нэхъыфlу къыщыщIэкIащ Подмосковьем щыщ Рябицэ Константин.

Зи ныбжьыр илъэс 14 иримыкъуахэм я деж балл бжьыгъэ нэхъыбэ къыщахьащ сахалиндэс Гайдамащук Каринэрэ Красноярск къикIа Бушмин Иванрэ. Илъэс 16-м нэблагъэхэм я зэпеуэм пашэ щыхъуащ Минаевэ Анастасиерэ (Мурманск) Бугаев Кириллрэ (Краснодар край).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и саугъэтыр къэхьыным теухуауэ екIуэкIа гуп зэхьэзэхуэм текIуэныгъэр къыщихьащ Сахалин областым и командэм.

Къэралпсо зэхьэзэхуэм кърикIуаэр къызэщIикъуэжу УФ-м бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкIэ и федерацым и президент Цыганков Валерий къыхигъэщащ зэпеуэкlэ фIы дыдэу къызэрагъэпэща зэрыхьуар. «Курортым и лэжьакIуэхэм зы Iэмали къагъэнахьам зэхьэзэхуэр сыт и лъэныкъуэкIи дахэу, зэпеуу егъэкIуэкIа зэрыхъунум ехьэлIауэ, - жиIащ Цыганковым. - «Гара-Баши - Мир» станцхэм зэхьэзэхуэзэхуэр щегъэкIуэкIыным и мардэ псори щыгъэзэщlащ. Спортсменхэр псори арэзы текIуащ».

Фигу къэдгъэкIыжьинщи, «Эльбрус» курортым щекIуэкIа бгы-лыжэ спортымкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэр егъэкIуэкIыныр дагъэщащ «Эльбрус курорт» АО-м, «Курорты Северного Кавказа» АО-м, «Эльбрус Адвентур» ООО-м.

ЩIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ зыгъэсэныгъэхэр иджыпсту курортым щрагъэкIуэкI Урысейм и командэ кIыхэхахэм.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Мотофестиваль

Зэхыхьэ гукъинэж

Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ «Чегет» пансионатым щекIуэкIащ гукъинэж икIи хэтахэм я бжьыгъэмкIэ адрейхэм ефIэкIа «Высота-2018» урысейпсо мотофестиваль.

АБЫ ипкъ иткlэ мотоциклист 400-м щIигъу спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкlэ зэхьэзэхуащ. Зэхьхьэр къызэрагъэпэщащ «Горцы» мотоклубым.

Тырныауэ къалэ дэлъэдапIэм къыщежьэри мотоциклистхэр ирижащ Чегет ауэлым нэс. Зэхьэзэхуэм хэтахэмрэ абы еплъыну къекIуэлIахэмрэ я нэгу зрагъэужьащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, рок уэрэджьыкIуэ Ракитин Иринэрэ концертыр езыгъэкIуэкIа икIи диджей Дарэ Идаррэ.

● Дзюдо

Министрым егъэгушхуэ

КъБР-м Спортымкlэ и министерствэм и унэм министр Хьэсанэ Ислъам щыIущIащ зи ныбжьыр илъэс 18 иримыкъуахэм дзюдомкIэ Азием и кубокыр къэхьыным теухуауэ Бишкек щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ Корее Ипщэм, Пакистаным, Индием, Къзэахстаным, Узбекистаным, Африкэ Ипщэ Республикэм, Зимбабвем, Саудэ Хьэрыным, Китаймрэ Азербайджаным, Урысейм щыIущIащ зи ныбжьыр илъэс 350-м щIигъу. Дунейпсо класс зиIэ спортым и мастер Джэданэ Залым и гъэсэнхэр УФ-м и командэ къыхэхам и гъусэу абы щыIащ икIи цIыхуищым дыжьын медалэр къахьащ, зым жэзыр къыльысащ. Щыбэна гупхэм етIуанэ щыхуащ Шэджэм БетIал (кг 50), Ало Мухьэмэд (кг 66-рэ), Къэбардэ БетIал (кг 73-рэ). Зи хьэпIагъыр килограмм 73-м нэблагъэхэм я деж ещанэ увыплэм къыщыувыIащ Мырзэбэч Ильяс.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Журналым дзыхигъэгъуазэхэр

«Iуащхьэмахуэ» журналым и ещанэ къыдэкIыгъуэр къытIэрыхьащ.

СЫТ щыгъуи хуэдэу, журналым дыхешэ литературэм и дуней тельыджэм къыщыхъу-къыщыщlэхэм, адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ зыгъэбея, ноби си къалэмыр мыубзыщхъуу лъэпкъым хуэзыгъабзэ ди нэхъыжьыфlхэм, абыхэм къащIэувэ щlэблэм я Iэдакъэ къыщlэкIа лэжьыгъэ купщlафIэхэм. Иужьрей къыдэкIыгъуэм и «Жьантlэ» Iыхьэр къызэIуех еджагъэшхуэ Къумахуэ Мухьэдин ихъэрэлъхурэ илъэс 90 зэрырикъум ирихьэлIэу Бищlо Борис игъэхъэзыра «Адыгэ бзэщlэныгъэм и шу пашэ» тхыгъэмкlэ. Къыкlэлъыкlуэу а Iыхьэм дыкъыщоджэ тхакIуэ Хьэх Сэфарбий илъэс 80 щрикъум хухаха лэжьыгъэхэм. Апхуэдэхэщ тхакIуэм езым и гъащlэмрэ текIуэуэу итхыжа «Си гъащlэ Iуэзгъанэр» тхыгъэр, и ныбжьыгъуэмрэ лэжьыгъуэмрэ Хьэхым хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр, тхакIуэм и Iэдакъэ къыщlэкIа Iуэтэжьмрэ усэхэмрэ ящыщ зыбжанэ, «Си хъуреягъкlэ» тхылъым ихуа гушыlэ къыхэхахэр. Хьэвжокъуэ Людмилэ и «Зи усэбзэр мыубзощхъу» лэжьыгъэм зыщыхэвгъэгъуазэ хъунущ куздым фIыуэ ялъагъу, зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа усакIуэ Бещтокъуэ Хьэбас и усэхэм щlэгъэпщlкIуа щэхуэхэм ящыщу гу зылъытапхъэхэм. Iыхьэр гуIэфIтещlэжу зэхуащlыжащ зи усэбзэр жьыми щIэми ягу дыхьа усакIуэ Бещтокъуэм и усэ Iэрамэхэмкlэ.

«Публицистикэ» Iыхьэм хагъэхьащ Къэжэр Иннэ и «Къалъытамрэ къамыхутамрэ» лэжьыгъэр, тхакIуэ, жыларыгъуэ лэжьакIуэ Къанькъуэ Сэлэдуэ и Iэдакъэ къыщlэкIа «Лениндрад къикIа хуэджбэ» романмрэ теухуар. «Прозэ» Iыхьэм фыкъыщеджэну Iэмал фиIэщ Къэжэр Иннэ и тхыгъэр зытеухуауэ зи гугъу фхуэтщIа романым щыщ пычыгъуэхэм. КъыкlэлъыкIуэу зыхъзвгъэгъуазэ хъунущ журналым и ящыкIэ къыдэкIыгъуэхэм зи Iуэтэжьэр къытехуа Бейтыгъуэн Риммэ и «Тlыгъуныгъэр мыужьыхьыж мафIэщ» рассказым.

«Усыгъэ» Iыхьэм ихуащ Хьэвжокъуэ Людмилэрэ Багъэтыр Нинэрэ я усэхэр, Тlымыжь Къэмыщlэ Багъэтыр Нинэ и лирикэм тхылъеджэхэр хэзышlэ псалъэу итха «ЗэIухауэ си бжэр къызоГанэ...» тхыгъэр. «ЩIэблэ» Iыхьэм хагъэхьащ КъБР-м и цIыхубз усакIуэ, балъкъэр литературэм и классик Кулиев Къайсын къызэралъхурэ нэгъабэ илъэсищ зэрырикъуам и щlыхькIэ къызэрагъэпэща республикэ зэхьэзэхуэм зи лэжьыгъэр нэхъыфlу къыщалъыта, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэу Кыщлэк къуажэм дэт курыт еджапIэм и 11-нэ классым щеджэ Хьуран Юлэ итха «Къайсын теухуа си псалъэ» тхыгъэмрэ Кулиев Къайсын и усэхэм ящыщу еджакIуэм адыгэбзэкlэ зэридзэкlаxэмрэ. Журналым и напэкIуэцIэр зэхуецIыж Мыз Ахьмэд и псалъэзэблэдзымкlэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ЩIыналъэм и щэхухэмрэ телъыджэхэмрэ

Котляровхэ Викторрэ Мариерэ къыдэкIыгъуэ зыбжанэ щызэхуэхьэса я «Кабардино-Балкария: чудеса и тайны. Занимательное историко-краеведческое издание в 3 томах (4 книгах) с навигатором и английской версией» тхылъхэм аращ зэреджэр. Иужьрей къыдэкIыгъуэр - «Кабардино-Балкария: 50 тайн, невероятных и мистических» - иджы бдыдэ дунейм кьытехьащ.

ІЫХЬЭМ и тхылъыщри инджылызыбзэ къыдэкIыгъуэрэ навигаторрэ зыщlыкIу гъуэгугъэлъагъуэщ. Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я - «Кабардино-Балкария: 100 чудес, больших и маленьких» апэ тхылъым къыщытеувыIащ республикэр зэраджа илъэсищлъ къриубыдэу зэхуахьэса я Iуэху еплъыкIэхэм, Кавказым и щIыуэпс, Iэрыщlу ухуэныгъэ нэхъ щlэщыгъуи 100-м. Ложьыгъэм Урысейм и саугъэт зыбжанэ зэуэ къыхуагъэфэщащ, ар щlэщlгъуэ зэрыхъуам гу къыльатэри. Апхуэдэу ар хагъэхьащ УФ-м и щIыналъэ къыдэкIыгъуэ нэхъыфI 50-м.

«100 чудес...» тхылъым и иужьрей напэкIуэцIэм къыщыхьащ тельыджэхэм я бжьыгъэ кудкIэ зэрынэхьыбэр, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэр зэзыгъэщIыхуну къызыгъэщlыхьэм ахэр къызэIуахьи папщlэ а тельыджэхэр езыр-езыру зрагъэльагъуну къэпэщылъщ.

Апхуэдэу къэунэхуащ ялэ Iыхьэм къыпызыщlэ «Кабардино-Балкария: ещlэ 50 чудес, больших и маленьких» тхылъитI хуэ къыдэкIыгъуэр. Абы и пэщlэдзэмкIи и кIэухымкIи къыщlэбдзэу зыхэбгъэгъуазэ мэхъу. ЕтIуанэ тхылъым - «Кабардино-Балкария: чудо природы» - хжегъэгъуазэ бгы лъагэ заповедникым, лъэпкъ паркым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэгъуэблагъэхэм щаухуа, къэралым и нэIэ зытет щIыуэпс фэеплъхэм. Тхылъым и напэкIуэцIэм щlэщlыгъуэу щызэкIэлъыхьащ псэ зыхэт щIыуэпс уэзыIэпхъэшхэм, дахагъкIэ гъэнщlа дунейм теуухуахэр.

Лъахэхуэ трилогие щlэщlыгъуэм и иужьрей къыдэкIыгъуэр нэхъ гъэщlэгъуэн хъуащ. Абы и гугъу къытхуещI Котляров Виктор:

- Тельыджэр, зэрытщlэщи, щlэщlыгъуэщ, хабзэ зэрыхъуаеу, ар икIи ямыджв къэхъугъэщ. Абы, нэхъыбэм, зы щэху гуэр щыгъэпщlкIуащ, уэзыIэпишэу икIи уигъэгъазэу, уи гур нэхъ псынщlэу къригъаеуэу. Илъэс пщlы бжьыгъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэхэм зэрызыщlытлъэхьам къриубыдэу мызэ-мытIэу къэхъугъэ куэдым дрихьэлIащ, иджырей дунейм зи щхьэусыгъуэхэр къыщыпхъэмыIутэн, зэманым щIихьума щэхуэхэр къызэщlаубыдэу.

Котляров зэщхьэгъусэхэм тхылъеджэхэр фыкъыхуражджэ къыдэкIыгъуэм къыщIихьа къэхъугъэхэр фи фIэщ фщlыну, ауэ, зыгуэркlэ абыхэм щэч къытефхьэми, фызэджар «пцIыщ», «къэгупсысащ», «мыхьэнэншэщ» жыфIэу Iумпэм фымыщlыну зыкъыфхуаГазэ. Ахэр щыхьэт тохъуэ тхылъым зи гугъу щыщlа къэхъугъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэгъуэблагъэ зи сурэт къахьаужи пэж дыдэу къызэрыщыхьуар. Араущи, щIыналъэм и щэхухэмрэ телъыджэхэмрэ зыхэвгъэгъуэзэну фыкъыхуражджэ.

БЖЬЫХЪЭЛI Розэ.

ЦIыхухэр зрешэлIэф

● Гъуэгу къежьапIэ

Узрилажьэ Iэнатlэр уи гум, уи псэм дыхьэу еплъэжьыныр фIыгъуэщ. Лэжьыгъэм удихьэхмэ, абы пищlа гугъехьри къыптехьэлъэнукъым, уеблэмэ дэрэжьгъуэ къуитауэ махуэр епхьэкIынкlэ хъунущ. Нобэ фэдгъэщlыхуну дыхуейщ УФ-м Социальнэ страховании эмкlэ фондым КъБР-м щиIэ и къудамэм щылажьэ Къумыкъу Алинэ.

КЪУМЫКЪУХЭ Русланрэ Ритэрэ ялъхьу Алинэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ икIи абы щlопсэу. 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэралым мэкъумэш университетым и «Бухгалтерский учет, анализ и аудит» къудамэр диплом плъыжькlэ къыуахащ. 2018 гъэм а университет дыдэм етIуанэ щlэныгъэ нэхъыщхьэр щызригъэгъэгъуэтащ: «Управление качеством ЖКХ» унэтIныгъэр екъуалIэныгъэкlэ къиухащ.

Къумыкъу Алинэ лэжьыгъэ Iэнатlэм зэрыпэрыувэрэ куэд мыщlами, абы и унафэщlхэми, лэжьыгъэхэми я деж пщlэ щызригъэгъуэну дыIуощlэ, гукъеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр яIэу. Дэтхэнэ зыми абы бгъэдыхьэкlэ хэха яхуиIэщ, я гукъеуэхэр зэрызэхигъэкIын Iэмалхэр къахуегъуэт. ЦIыхухэри арэзыIуэ абы и деж къыщlокIыж, - жаIэ Къумыкъу Алинэ и лэжьыгъуэм. - Сыт хуэдэ псалъэмакъри пщащэ цIыкIум къызэрыригъажьэр: «Фыкъеблагъэ. Дауэ фыщыт?» псалъэхэмкlэ. Ар жиIэн хуейщи жиIэу аракъым, атlэ дэтхэнэри и Iуэху зытетыр зрытъэщlэну, абы сэбэп зэрыхуэхъуну Iэмалыр кьыхуигъэувыну зэрыхущlэкъум щыхьэт техъуэ псалъэхэщ. ЖаIэм гупсэхуу едэIуэнущ, чэнджэщ яритынущ, псалъэкlэ, лэжьыгъэкlэ я гур фIы яхуищlынущ».

Алинэ и лэжьыгъэр зэригъэщlащlэр Iуэху яIэу къыбгъэщlыхьэхэм апхуэдизкlэ я гум дохьэри, уеблэмэ, усэ Iэрамэхэр щыхъэхалъхьэ къохъу.

Дэтхэнэми и гъэсэныгъэри и жылагъуэ хэтыкlэри щызэтеувэр унагъуэращ. Пщащэр щIыху нэсу къызэрыхуамкlэ, щэч хэмылъу фIыщlэ зыхуэфащэр абы и адэ-анэ Къумыкъуэ Русланрэ Ритэрэщ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаэс Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Элэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщlэныджэ Замирэ, Щхьэщэмыщl Изэ.



Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщlапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхущхьэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щIихабзэмкlэ - 42-75-36; хабзэхъуэмрэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; узынщагъэр хъуэмэнымкlэ, экологиемрэ спортымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху еплъыкlэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъуэмэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня**, *редактору* **Жылаэс Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящlащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.179 ● Заказ №790